



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL
AK FÒMASYON PWOFESYONÈL

MODIL I

KREYOL

Tous droits réservés

Novanm 2016
DIREKSYON ANSÈYMAN SEGONDÈ

SOMÈ

I. Premye pati : Agrikilti	
1.1 CHAPIT EN	1
I / De ti mo sou otè a	
1.2 CHAPIT DE	4
I / De ti mo sou Fakilte Lengwistik Aplike	
1.3 CHAPIT TWA	
I / De ti mo sou François Séverin	7
II. Dezyèm pati : lasante	
2.1 CHAPIT KAT	
I / De ti mo sou liv la	10
2.2 CHAPIT SENK	
I / De ti mo sou liv la	14
2.3 CHAPIT SIS	
I / De ti mo sou liv la	17
III. Twazyèm pati : Lavi toulejou	
3.1 CHAPIT SÈT	
I / De ti mo sou otè a	20
3.2 CHAPIT UIT	
I / De ti mo sou otè a	25
3.3 CHAPIT NÈF	
I / De ti mo sou otè a	30
IV. Katriyèm pati : ESPWA	
4.1 CHAPIT DIS	
I / De ti mo sou otè a	35
4.2 CHAPIT ONZ	
I / De ti mo sou otè a	39
4.3 CHAPIT DOUZ	
I / De ti mo sou otè a	44
V. Senkyèm pati : MOVE LAVI	
5.1 CHAPIT TRÈZ	
I / De ti mo sou otè a	47
5.2 CHAPIT KATÒZ	
I / De ti mo sou otè a	51
5.3 CHAPIT KENZ	
I / De ti mo sou otè a	55

CHAPIT EN

PREMYE PATI : AGRIKILTI

I / De ti mo sou otè a

Franswa Sevren (François Sévrin) se yon agwonòm. Li te diplome nan Damyen, FAMV (Fakilte Agwonomi ak Medsin Veterinè) an 1971. Li rive minis 5 fwa. De 1991. Li te okipe pòs minis lagrikilti sou plizyè gouvenman ki pase sou pouvwa a. Dènye fwa a se te 2006-2008 sou gouvenman Jak Edwa Aleksi (Jacques Edouard Alexis) a. Li ekri tou anpil atik an kreyòl nan jounal Libète. Atik sa yo genyen rapò ak agrikilti (plant, pyebwa elatriye.) epi anviwònman. Pami liv li pibliye nou jwenn Plant ak pyebwa tè d Ayiti ki parèt nan lane 2002.

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Ki kalite plant ou renmen? Konpare repons ou yo ak lòt kamarad nan klas la.
- 2.- Ki plant ou konnen fason yo plante li? Pataje fason yo plante li ak kamarad ou yo.
- 3.- Kisa ou konnen sou anviwònman ? Pataje repons ou bay la ak lòt elèv yo.

III / Mango

An Ayiti, mango se yon reliyyon. Tout klas moun nan sosyete a renmen manje l. Gran vakans, anpil kote nan pwovens peyi d Ayiti pa t ap gen okenn cham san dlo larivyè ak manje mango. Pou gen dlo larivyè, fòk nou plante anpil pyebwa nan tèt mòn yo. Pou nou kontinye gen mango, fòk nou plante anpil lòt pye mango paske kounye a anpil pye fin granmoun. Nou dwe plante jenn pye pou ranplase sa ki granmoun yo. An Ayiti, gen plis pase san kalite mango. Nan Plato Santral sèlman, yo jwenn swasannde kalite mango.

Mango se yon gwo richès pou peyi Ayiti. Pèsonn moun pa ta dwe pote sou konsyans li responsabilite pou mango ta vin disparèt yon jou. Depi kèk tan, yo voye vann anpil mango nan peyi etranje. Pi fò nan yo, se mango madan fransis, yon mango ki fèt nan komin Gwomòn, depatman latibonit. Li donnez dis mwa sou douz. Li kòmanse donnez nan Depatman Lwès e l al fini nan Depatman Nòdwès sou zile Latòti. Lòt bagay ki fè mango madan fransik la pi enteresan e ki ba li anpil siksè nan peyi etranje, se paske yo pwodui li san angrè chimik e yo pa sèvi ak ensèktisid pou konbat vè nan fwi yo paske travay sa a, se ak dlo cho li fèt. Se sa ki fè, nan peyi Etazini ak Kanada, yo vann mango madan fransik kòm pwodui natirèl. Ayiti okipe douzyèm plas pamí peyi ki pwodui mango nan monn nan. Mango se yon pyebwa, lò li fin grandi, ki rive jiska sanven pye, sa vle di, karant

mèt wotè. Yon pye mango ka genyen yon tij ki rive jiska de mèt edmi dyamèt e se yon pyebwa ki kapab viv plis pase yon syèk.

Si nou vle plante mango pou ekspòtasyon, fòk pye mango a donnen anpil mango ki peze twa ka liv, ki pa gen fil ditou, ki gen ti grenn soti swasant pou rive katreven pousan chè ladan li. Gen kalite mango tankou Kent, Haden ak Smit ki bay mango ki peze ant senk san al sissan gram e ki gen ant katreven al katrevendis pousan chè nan fwi a.

Wout yo t ap enpòtan anpil pou fasilité transpò fwi yo nan izin ak nan mache.

François Séverin, 2002, Plant ak Pyebwa tè d Ayiti, Adaptasyon otè yo

IV / Késyon sou tèks la

1.- Bay pou pi piti senk enfòmasyon ou jwenn sou mango nan tèks la.

2.- Jwenn pou pi piti twa mo konpoze anndan tèks la.

3.- Men yon lis mo, di ki sans yo genyen nan tèks la : sans denote oubyen sans konote. Eksplike.
· Mango, pye, chè, fil, wout, granmoun.

4.- Jwenn nan tèks la yon antonim pou mo sa yo : enpòtasyon, parèt, achte, tout, rekòlte.

5.- Jwenn nan tèks la mo ki genyen menm sans ak mo sa yo : kategori, lòtbò dlo, pozisyon,

6.- Di ki mo nan tèks la ki kapab ranplase tout ekspresyon sa a : "yo voye vann anpil mango nan peyi etranje". Yo..... anpil mango.

7.- Jwenn nan tèks la de mo ki fòme pa konpozisyon epi di pou ki mo sa yo se mo ki fòme pa konpozisyon.

8.- Jwenn nan tèks la tout mo ki genyen rapò ak Ayiti epi di ki relasyon sans, yo genyen ak li.

9.- Jwenn nan tèks la tout mo ki genyen rapò ak ekspòtasyon epi di ki relasyon sans yo genyen ak li.

10.- Bay senk karakteristik (kalite oubyen defo) mango genyen dapre tèks la.

V / Lòt kontèks ankò

· Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- Lè yon moun saj, li toujou sou travay, li respekte tèt li, yo kapab di li genyen anpil bon

2.- Ou genyen twòp moustik nan kay la fòk ou achte yon _____ pou yo ba ou lapè.

3.- Pòl fèt depi nan lane 1930, li la lontan, li se yon _____.

4.- Lè Ayiti ap vann kafe lòt peyi li fè _____.

5.- Pitit mwen an travay byen lekòl, li toujou reponn tout kesyon pwofesè a poze li, li _____ anpil.

VI / Annal pi lwen

1. – Pwodui yon tèks enfòmatif sou pwodiksyon Anana an Ayiti. Pou fè travay sa a ou pral fè rechèch sou entènèt ak nan liv ki trete kesyon sa a. Evite bay opinyon ou nan tèks sa a. Se sèlman enfòmasyon yo ki pou parèt.

2. - Konpoze yon piblisite radyo ki pa long pou fè dyòlè pou kalite mango n ap voye vann nan peyi etranje tankou Etazini ak Kanada ?

3. - Ekri yon lèt w ap voye bay yon jounal kote w ap defann kalite mango nou yo kont move pawòl ki ta vle fè kwè yo pa bon?

VII / Sa ou dwe konnen

- Lè yon tèks fin konstwi mo ki ladan li yo genyen relasyon youn ak lòt. Lè ou rive jwenn relasyon sa yo ou kapab bati sa yo rele rezo sans nan yon tèks. Rezo sans lan pèmèt ou wè pwogresyon lide yo nan tèks la. Egzanp: machin, kamyon, wou, volan kapab nan yon menm rezo sans nan yon tèks.
- Fòk nou konnen tou anpil fwa yon mo gen yon premye sans nou rele pafwa sans pwòp, men li ka pran lòt sans lè nou mete li nan faz a kote lòt mo. Kidons se kontèks kote mo a itize ki pral ba li sans li.

CHAPIT DE

I / De ti mo sou Fakilte Lengwistik Aplike

Fakilte Lengwistik Aplike (FLA), ki nan Inivèsite Leta Ayiti, kreye nan lane 1978. Pi gwo misyon enstitisyon sa a se fè rechèch ak fòmasyon pou rezoud pwoblèm lang ki poze nan sisyete ayisen an. Dire etid pou grad lisans nan fakilte sa a se kat ane. Lè yon etidyan fini nan Fakilte sa a li ka travay nan domèn tankou ; ansèyman, komunikasyon, tradiksyon, entèpretarya, edikasyon, alfabetizasyon ak nan fòmasyon pou moun nan domèn lang. Tranblemanntè douz janvye 2010 la te detwi lokal fakilte sa a kote anpil etidyan ak responsab te pèdi lavi yo. Jounen jodi a li kontinye fòme lengwis pou peyi d Ayiti ak pou lemond. Kounye a li gen yon pwogram mastè nan Lengwistik deskriptiv ki pèmèt etidyan ki fini nan lisans ale pi lwen nan rechèch sou zafè lang. Fakilte sa a gen yon laboratwa rechèch ki rele LangSE ki ap fè rechèch sou Lang, Sisyete, ak Edikasyon.

II / Anvan ou kòmanse li

1. -Dapre ou menm, ki enpòtans travay latè genyen pou yon peyi?
- 2.- Ki zouti ou konnen yo plis itilize nan travay latè an Ayiti ? Èske se menm zouti sa yo yo itilize nan lòt peyi ki tou pre nou yo? Eksplike repons ou a.
- 3.- Ki kalite manje yo prepare ak mayi? Pataje enfòmasyon ou genyen sou koze sa a ak lòt elèv nan klas la.

III / Plante mayi

Se avèk yon zouti ki rele pikwa nou konn sèvi pou prepare tè a, pou fouye tou pou plante mayi. Ou ka pran chari pou raboure li oubyen pike li ak pikwa. Men se selon tè kote ou ap plante mayi a. Si ou ap plante nan tè wòch se ak pikwa osinon derapin pou fouye tou yo. Si se tè pi ou ka fouye tou yo ak wou, gen louchèt tou (on espès fè plati ki gen yon konè epi ou foure li nan on bwa osinon ou foure li nan yon fè) pou plante.

Ak wou a, ou leve bit, kawote tè pou plante. Pou sekle mayi a ou sèvi ak sèpèt, wou. Men se selon. Si ou plante li lwen an lwen, ou gen dwa sèkle ak wou okenn pye mayi p ap koupe, ni kraze lè ou ap sekle a. Men si ou plante yo pre se ak sèpèt pou grate mayi a. Nou ka di sekle nan plas grate tou. Se de mo ki vle di menm bagay.

Manchèt menm, se yon zouti yo sèvi ak li lè yo ap netwaye jaden mayi a, lè yo ap koupe flèch yo.

MODIL KREYOL

Lè yo ap plante mayi a, ou gen moun ki ap fouye devan, dèyè ap simen. Konsa, travay la mache pi vit.

Tou mayi yo pa fèt pou fouye pre. Gen moun ki make distans ki pou genyen ant tou yo sitou si se sou bit l ap plante. Tou yo fèt pou yo gen menm distans. Yo konn fouye a de ou twa pye de distans. Menm bit yo lè y ap leve yo, yo fè yo ak distans.

Simen mayi a, se yon anmizman. Ou vide yon valè plan mayi a nan yon kwi ou kenbe li diran ou ap mache mete twa gress mayi nan chak tou, yon jan pou yo kapab kole nan tou a. Ou kouvri li firanmezi.

Fakilte Lengwistik Aplike, Mayi, 1982, enprimri lafalanj

IV / Kesyon sou tèks la

- 1.- Identifie tout kalite zouti yo itlize pou plante mayi. Bay wòl yo chak.
 - 2.- Bay pou pi piti senk enfòmasyon ou jwenn sou fason yo plante mayi.
 - 3.- Jwenn yon antonim pou mo sa yo nan tèks la : san, rekòlte, sal, konstwi.
 - 4.- Ki lòt mo ki nan tèks la ki kapab rantre nan menm rezo sans ak : a) zouti
b) tè ?
 - 5.- Jwenn relasyon ki genyen ant de rezo sans sa yo nan tèks la.
 - 6.- Ki tip tèks la ye ? Jistifye repons ou a.
 - 7.- Eksplike sa plan mayi a ye epi bay lòt plan ou konnen ankò.
 - 8.- Chèche yon fraz nan tèks la ki genyen fòm anfatik.
 - 9.- Gade repons ou bay pou kesyon 6 la. Sèvi ak repons sa a pou ou bay lide dominan tèks la.

 - 10.- « Ou kouvri li firanmezi ou ap simen » Tradui fraz sa a an franse. Ki pi gwo difikilte ou rankontre ?
- V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

- 1.- Moun nan zòn nan oblige grate wout la ak _____ tèlman li nan yon move eta.
- 2.- Kiltivatè a blye _____ li, donk li pa kapab sekle bannann nan a.
- 3.- Pran _____ la pou mwen, mwen pral fè yon pwòpte nan jaden an.
- 4.- Pòtoprens genyen anpil _____ parapò ak Jeremi.
- 5.- Gade yon gwo _____ nan mitan wout la, li kapab lakòz gwo aksidan.

VI / Annal pi lwen

- 1.- Fè yon rechèch sou entènèt osnon nan liv sou pwoblèm agrikòl peyi d Ayiti, epi pwodui yon tèks pou bay enfòmasyon sou pwoblèm sa yo.
2. - Sou baz travay ou fè nan nimewo 1 an, bay opinyon pa ou sou pwoblèm agrikòl peyi a.
- 3.- Konpoze yon piblisite radyo ki pa twò long ki fè wè ki fason nou kapab pwodui plis pou tout moun manje nan peyi a epi jwenn pou nou voye al vann nan lòt peyi.

VII / Sa ou dwe konnen

- o Rezo sans yo enpòtan anpil nan yon tèks, se nan relasyon yo youn ak lòt tèks la ap konstwi. Ou kapab tabli relasyon anndan yon menm rezo sou plizyè baz :
 - Relasyon yon ansanm ak diferan pati ki ladann
 - Relasyon diferan pati ki konpoze yon ansanm ak ansanm nan menm
- o Chan semantik: se diferan sans yon menm mo kapab genyen selon diferan kontèks kote li anplwaye : paregzanp si nou pran mo kana nou kapab di se yon bèt. Sa a se premye sans mo kana. Men ou ka di yon moun kana paske li renmen dlo. Telefòn sa a se yon kana, oubyen mwen pran nan kana. Chak kote nou sèvi ak mo kana a li gen yon sans.
- o Chan leksikal: chan leksikal se yon seri mo ki gen relasyon ak yon menm tèm oubyen yon domèn : paregzanp chan leksikal pyebwa se forè, branch, fèy, rasin, eksetera.

CHAPIT TWA

I / De ti mo sou François Séverin
Al gade nan chapit en an

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Èske ou konn mande tèt ou pouki chak espès genyen yon kote ki pi bon pou li viv ?
- 2.- Ki misyon nou menm, moun k ap viv sou planèt la parapò ak anviwònman an? Èske nou byen ranpli misyon nou? Jistifye repons ou a.
- 3.- Èske nou konn abitye tandem mo biyodivèsite a? Ki sa li vle di ?

III / Biyodivèsite

Lanati se tankou yon gwo kay tout kretyen vivan bezwen pou yo viv. Solèy, tè, lè n ap respire, larivyè, letan, lanmmè, tout kalite plant ak pyebwa, tout kalite bêt ak zannimo, tout sa nou santi, tout resous ki anba tè, tout resous ki anba lanmè, se tout bagay sa yo ki fòme lanati. Gen anpil bagay nou pa wè paske yo tèlman piti je nou pa ka wè yo. Gen anpil lòt bagay nou pa kapab tandem paske zòrèy nou pa devlope ase pou n tandem yo ; men nou byen konnen yo la paske lasyans bay prèv yo la, tout sa nan lanati. Nou menm kòm kretyen vivan, yo di nou se wa lanati. Yon wa yo pa te bay pouvwa pou krazebrize men ki te la pou òganize, pwoteje e amelyore anviwònman an.

Nou tout nou konnen, yon pye mango viv, yon pye zaboka viv, yon pye lalwa viv, yon touf gazon viv, yon pye dyondyon viv, yon koulèv viv, yon tòti viv, yon mikwòb viv, yon kretyen vivan viv. Divès kalite bagay sa yo sou latè ki gen lavi ladan yo tèlman anpil (ant 13 al 14 milyon espès), espesyalis k ap etidye yo mete yo dakò, antann yo, pou sèvi ak yon mo ki rele biyodivèsite, pou pale sou yo tout ansanm.

Se Thomas Lovejoy ki te premye parèt ak mo divèsite biyolojik la nan lane 1980. Premye fwa mo biyodivèsite a pral parèt se nan lane 1988. Antomolojis ameriken ki rele E.O. Wilson pral sèvi ak li kòm tit kontrandi yon gwo fowòm ki te òganize nan lane 1986 sou divèsite biyolojik. Ekspè yo te wè mo biyodivèsite a t ap pase pi byen sou plan komunikasyon pase mo divèsite biyolojik la.

Depi 1986, biyolojis, ekològ, ekolojis, dirijan ak sitwayen yo sèvi anpil ak tèm sa a. Fòk nou di tou, moun yo sitou sèvi ak tèm sa a nan moman yo vin kòmanse pran konsyans genyen kèk espès nan lanati ki kòmanse disparèt nan 10 dènye lane nan 20^{èm} syèk la.

An Jen 1992, gwo brase-lide anpil peyi sou planèt la ki t ap fèt nan vil Riyo nan peyi Brezil, te moman kote tout moun vin pran plis konsyans sou kesyon divèsite a epi yo pral chèche konprann fenomèn sa a pi byen.

Se nan konvansyon sou divèsite biyolojik ki te fèt 5 jen 1992 la, yo te rive defini divèsite biyolojik la.

Konsèy nou ta ba ou se "Pwoteje tout espès ki nan lanati se pwoteje ekilib planèt la".

François Séverin, 2002, Plant ak Pyebwa tè d Ayiti, Adaptasyon otè yo

IV / Kesyon sou tèks la

- 1.- Jwenn nan tèks la tout mo ki genyen rapò ak plant epi fè yon tablo ak yo. Rele tablo sa a Plant.
- 2.- Jwenn nan tèks la tout mo ki genyen rapò ak lavi epi fè yon tablo ak yo. Rele tablo sa a Lavi.
- 3.- Konpare tablo plant lan ak tablo lavi a : Gade si tout mo ou jwenn nan tablo plant lan pa kapab rantre nan tablo lavi a. Si sa kapab fèt di pouki. Si li pa kapab fèt tou, di pouki.
- 4.- Fè yon tablo ak de kolòn, nan premye a mete tout vèb ki nan tan pase, nan lòt la mete tout vèb ki nan tan prezan epi konpare kantite fwa yo sèvi ak chak tan sa yo. Eksplike itilizasyon chak tan sa yo nan tèks la.
- 5.- Pa ki lòt mo ou te ka ranplase « krazebrize » nan tèks la ? Bay ki pwosede lang kreyòl la itilize pou fòme mo sa a. Bay kèk lòt mo ki respekte pwosede sa a.
- 6.- Jwenn diferans ki genyen ant ekològ ak ekolojis.
- 7.- Bay diferan etap ki pase anvan yo rive tabli tout bon vre mo biyodivèsite a.
- 8.- Jwenn definisyon mo sa a : antomolojis.
9. - Jwenn mo teknik ki nan tèks la epi bay relasyon yo genyen ant yo.
- 10.- Jwenn kontrè mo sa yo nan tèks la: konstwi, parèt.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- Nou pral òganize yon gwo _____ pou wè si nou kapab jwenn kèk solisyon sou pwoblèm anviwònman an.

2.- Lapolis pa la pou _____ li la pou pwoteje epi sèvi sitwayen peyi a.

3.- Philippe Lagauterie se yon gwo syantifik nan domèn ekoloji, li se yon _____ men moun ki renmen lanati, zanmi lanati yo se_____

4. - Janèt ap etidye ensèk li se yon _____.

5. - Si nou pa jwenn yon fason pou pwoteje tout espès nan lanati se tout _____ la ki pral genyen pwoblèm.

VI / An n al pi lwen

1.- Apre ou fin li epi byen konprann tèks sa a, ou deside ekri yon zanmi ou ki pa janm vle pwoteje anviwònman an. Sèvi ak enfòmasyon ou jwenn nan tèks la plis lòt ankò pou rive fè li pran konsyans sou enpòtans pwoteksyon anviwònman an pou li menm e pou tout lòt espès vivan ki egziste.

2.- Anpil Ayisyen renmen pwofite jete fatra nan lari lè lapli ap tonbe, fatra sa yo al tonbe nan lanmè. Pwodui yon tèks pou enfòme moun yo sou danje pratik sa a genyen sou espès k ap viv nan lanmè a epi konsekans li sou lavi nou menm Ayisyen.

3. Pwodui yon ti piblisite tou kout pou ankouraje tout Ayisyen pwoteje anviwònman yo.

VII / Sa ou dwe konnen

- o Se mo yo sèvi nan yon domèn teknik oubyen syantifik. Mo teknik yo pa chanje sans souvan. Yo kenbe sans denote yo (sans pwòp), se nan tèks teknik ou plis jwenn yo. Nan tèks sou domèn syantifik tankou biyodivèsite, ekoloji, biyoloji, etsetera.
- o Pwogresyon tematik : Se relasyon ki genyen ant tèm ak pwopo nan diferan fraz ki fè yon tèks. Nan yon sekans naratif oubyen deskriptif se analiz tèm nan ak pwopo nan chak fraz ki pèmèt nou rive dekouvri ki tip pwogresyon tematik otè a adopte nan tèks la. Genyen twa tip pwogresyon tematik : pwogresyon lineyè, pwogresyon a tèm konstan epi pwogresyon a tèm derive.
- o Se gras ak diferan chan ki genyen nan yon tèks ou kapab wè pwogresyon pèsonaj li ak aksyon yo akonpli yo oubyen eta yo. Lè yon mo reprann yon lòt mo ki te déjà site nan yon tèks, sa rele repriz anaforik oubyen anafò. Yon lòt bò, se konektè ki makònèn plizyè mo oubyen plizyè fraz ansanm nan yon tèks. Se anafò ak konektè ki pèmèt pwogresyon an fèt anndan yon tèks. Kòm egzanp konektè nou jwenn : depi, premye fwa, tandiske...

Dezyèm pati : Lasante

CHAPIT KAT

I / De ti mo sou liv la

Kote fanm pa jwenn doktè se yon gid lasante ki fèt pou fi k ap viv nan zòn riral peyi d Ayiti ak lòt peyi ankò. Li parèt nan ane 2000. Se yon ekip espesyalis etranje ki prepare l nan lang angle, yon Ayisyen fè tradiksyon an nan lang kreyòl. Nan liv sa a genyen anpil konsèy pou fanm se vre ; men gen konsèy pou gason tou. Yo pale de anpil maladi nou jwenn toupatou nan peyi d Ayiti, ak fason nou ka trete maladi sa yo ak fèb mwayen nou. Gen twa ekstrè nou prete nan liv sa a : òmòn, VIH/Sida ak antibiotik.

II / Anvan ou kòmanse li

1.- Èske ou abitye tandem mo « òmòn » nan ? Nan ki okazyon ?

2.- Ki rezon ki fè yon tifi genyen règ li chak mwa ?

3.- Èske ou konnen nan ki peryòd yon fi fè menopoz li ? Pataje enfòmasyon ou genyen sou koze sa a ak lòt kamarad ou yo.

4.- Liv sa a rele Kote fanm pa jwenn doktè, ki valè mo fanm genyen nan tit sa a ? Èske se nan tout kontèks mo fanm nan gen yon valè pejoratif ?

III / Òmòn

Se yon seri konpoze chimik kò a fabrike. Òmòn yo kontwole jan kò a devlope epi ki lè li devlope. Yon ti tan anvan yon ti fi gen premye règ li, kò li kòmanse pwodui estwojèn ak pwojestewòn. Se òmòn sa yo ki lakòz tout chanjman ki fèt nan kò yon tifi, lè li fòme. Se peryòd sa a yo rele pibète a.

Pandan tout ane yon fi ka fè pitit, òmòn yo fè yon seri chanjman nan kò li, chak mwa, pou prepare li pou sizanka li ta ansent. Se òmòn yo ki deside ki lè yon fi ka ansent. Travay yo fèt pou yo anpeche yon gwo sès, se met kontwòl sou òmòn ki nan kò yon fi. Òmòn yo fè kèk chanjman tou pandan yon fi ansent, lè l ap bay timoun nan tete. Paregzanp, òmòn yo anpeche yon fi ansent genyen règ li. Epi, apre akouchman, yo bay tete yo lòd pou yo fè lèt.

Lè yon fi prèske rete, kò li sispann pwodui estwojèn ak pwojestewòn piti piti. Ovè yo sispann pwodui ovil, kò fi a sispann fè prezantasyon pou gwo sès epi kesyon règ chak mwa a vin fini nèt. Se sa yo rele menopoz la.

Kantite ak kalite òmòn yon fi pwodui ka aji tou sou tanperaman li, sou sansasyon seksyèl li, sou pwa li, sou kantite manje li manje ak sou fòs ki genyen nan mitan sik la, lè

kouch san an fin pare, gen yon ovil ki soti nan youn nan ovè yo. Se fenomèn sa a ki rele ovilsayon. Ovil la travèse youn nan twonp falòp yo pou li antre nan matris la. Se nan moman sa a fi a kapab ansent. Si nan menm peryòd la, fi a al nan relasyon seksyèl, espèmatozoyid gason an kapab al kole kò li ak ovil la. Fenomèn sa a rele fekondasyon. Se kòmansman yon gwo sès.

Pandan dezyèm mwatye sik la - jouk règ lòt mwa a vini- fi a pwodui pwojestewòn nan fè kouch san ki nan matris la prepare li pou yon gwo sès. Men, pi souvan, pa gen fekondasyon. Konsa, kouch san ki nan matris la pa itil. Se poutèt sa ovè yo sispann pwodui estwojèn epi kouch san an pete. Ovil la soti ansanm ak san an lè fi a gen règ li. Se konsa yon lòt sik manstriyasyon kòmanse. Apre règ la, ovè yo kòmanse pwodui plis estwojèn e yon lòt kouch san rekòmanse devlope nan matris la.

Kote fanm pa jwenn Doktè, 2000,A.A Burns et al., tradiksyon J.W Steve, adaptasyon otè yo

IV / Keson sou tèks la

- 1.- Èske nou kapab di tèks sa a fèt pou distrè lektè yo ? Eksplike repons ou a.
- 2.- Èske otè yo fè deskripsiyan anndan tèks sa a ? Eksplike.
- 3.- Eksplike ak pwòp mo pa ou sa yo rele fekondasyon, ovilasyon, menopoz.
- 4.- Gade byen ki lòt mo otè yo anplwaye nan plas « tifi » ak « fi ». Bay nati mo ou jwennyo.
- 5.- Jwenn anafò ak konektè ki makònèn mo ak lide anndan tèks sa a. Kisa ou remake ?
- 6.- Sèvi ak repons ou jwenn nan kesyon senk la pou ou bay lide santral tèks la ak lide segondè yo.
- 7.- Chèche fraz ki gen mo « epi » ladan yo nan tèks la. Èske mo sa a gen menm valè chak fwa? Ak ki lòt mo ou ka ranplase "epi" nan chak fraz?
- 8.- Souliye tout vèb ki nan tèks la. Ki tan ou remake ki domine tèks sa a ? Pou kisa ?
- 9.- Gade lis vèb ou jwenn nan kesyon uit la. Trase yon tablo de kolonn. Nan premye kolonn nan mete vèb ki eksprime yon pwosè ki pa rive nan bout li (aspè enpèfektif). Nan dezyèm kolonn nan mete vèb ki eksprime yon pwosè ki rive nan bout li (aspè pèfektif). Ki sa ou remake ?
- 10.- Lè yon fi prèske rete, kò li sispann pwodui estwojèn ak pwojestewòn piti piti. Ovè yo sispann pwodui ovil, kò fi a sispann fè prezantasyon pou gwo sès epi kesyon règ chak mwa a vin fini nèt. Se sa yo rele menopoz la.
Tradui fraz sa a an franse. Ki pi gwo difikilte ou rankontre ?

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- _____ ak _____ se de non yo bay òmòn yo.

2.- Lè _____ yon fi pa pwodui _____ ankò se siy fi a pa lwen fè _____ li.

3.- Gen fekondasyon lè _____ yon gason rankontre ak _____ yon fi apre yon relasyon _____.

4.- Lè yon tifi fèk _____, yo di li nan peryòd _____ li.

5.- Lè yon fi fè menopoz li, li pa ka _____ ankò.

VI / Annal pi lwen

1.- Gen anpil ti jenn fi ki tonbe ansent anvan lè nan zòn bò lakay ou. Ekri yon lèt ou ap voye bay yon jounal ki parèt an kreyòl pou w eksplike fenomèn gwosès la. Fini lèt la ak yon fraz ki fè lektè yo wè se prevansyon ou ap fè.

2.- Mennen yon ti ankèt bò kote jenn tifi ki nan lekòl ou a pou konn kisa yo panse de peryòd sa yo : pibète, gwosès ak menopoz. Prezante rezulta ankèt la sou yon fòm komik san ou pa blese pèsonn.

3.- Ekri yon ti istwa kote yon jenn tifi ki te ansent anvan lè ap bay lòt jèn parèy li konsèy pou menm bagay ki te rive li a pa rive yo.

VII / Sa ou dwe konnen

- Pi gwo wòl yon tèks enfòmatif se pote enfòmasyon. Si li gen istwa ladan l se pa pou distrè lektè yo, men se pou pote enfòmasyon ba yo. Yon enfòmasyon se tankou yon manman ki gen de pitit : youn rele tèm lòt la rele rèm. Tèm nan se sa yo ap pale sou li a, nou rele li sijè tou. Tandis ke rèm nan se sa yo ap di sou tèm nan. An prensip, se rèm nan ki toujou nouvo nan fraz yo ki nan tèks enfòmatif la.
- Nan yon tèks enfòmatif pifò vèb yo nan tan preznan. An kreyòl, pi souvan mak tan yo (te, ava, pral...) ak aspè yo pa menm. Vèb ki eksprime yon pwose ki pa rive nan bout li eksprime yon aspè enpèfektif. Sepandan vèb ki eksprime yon pwose ki rive nan bout li eksprime yon aspè pèfektif.

Egzanp : Jilbè pa kapab vini : l ap travay (aspè enpèfektif)

Jilbè travay anpil : li bouke (aspè pèfektif)

CHAPIT SENK

I / De ti mo sou liv la
Gade nan chapit kat la.

II / Anvan ou kòmanse li

1.- Pataje avèk lòt elèv nan klas la sa ou konnen sou maladi sida.

2.- Ki pi bon mwayen yon jèn ka itilize pou li pwoteje tèt li kont maladi sida ?

3.- Èske dapre ou fè tès sida se yon bagay ki enpòtan ? Eksplike repons ou a.

4.- Ki jou Nasyonzini chwazi pou jounen entènasyonal lit kont maladi sida ? Kòman yo abitye òganize jounen sa a an Ayiti ?

III / VIH/Sida

VIH vle di nan lang franse : « Virus de l'Immuno-Déficiency Humaine », sa vle di, virus ki fè kò moun pèdi tout mwayen defans li genyen. Li se yon jèm nou pa kapab wè ak je nou. Sida, li menm, se maladi moun vini genyen, kèk tan apre virus ki rele VIH la (virus sida) fin enfekte yon moun.

Lè VIH la enfekte yon moun, virus la atake sistèm defans li, sa vle di tout bagay nan kò li ki pèmèt li goumen ak enfeksyon. Tipa tipa, VIH la touye tout selil ki nan sistèm defans li, jouk kò a pèdi tout zam li te genyen pou li defann tèt li kont jèm maladi yo.

Malgre maladi a konn antre byen vit sou kèk moun, gen anpil lòt ki kapab toujou rete anfòm, senk a dizan apre yo fin trape enfeksyon an. Men se sèten, sistèm iminite a ap rive yon lè kote l pa genyen ase selil pou li goumen menm ak mikwòb ki pa janm fè moun malad, nan sitiayson nòmal. Kòm moun VIH la enfekte yo konn pase plizyè ane anvan yo malad, pi fò moun ki gen virus la konn santi yo anfòm. Kèk fwa, yo pa menm konn si yo te atrape li.

Yon moun gen sida, lè sistèm defans li vin nan yon eta kote li pa kapab konbat enfeksyon ak maladi moun abitye genyen. Tout moun ki gen sida pa genyen menm siy. Fanm konn pa genyen menm siy ak gason. Anpil fwa, siy sa yo se enfeksyon ansanm ak lòt maladi moun abitye genyen.

Si moun nan byen manje epi, an menm tan, li jwenn bonjan medikaman, kò li ka rive goumen ak enfeksyon yo. Konsa, li ap viv pi lontan. Men pa genyen gerizon pou maladi sida a li menm. Konsa, toutotan tan ap pase, moun VIH la enfekte ap trape maladi youn dèyè lòt, jouk kò yo vin twò fèb pou yo kontinye viv.

Pi bon fason pou sistèm iminitè a pa febli san rete, se pwoteksyon pou moun nan pran pou l kapab bare wout enfeksyon ak maladi. Anpeche moun nan trape enfeksyon ak lòt maladi se pi bon mwayen pou fè sistèm iminitè li febli mwens. Li enpòtan tou pou nou trete nenpòt ki enfeksyon moun nan pran, pou anpeche li gaye nan kò li epi vini pi grav. Konsa, yon moun ki genyen Sida va rete an sante tout tan li kapab. Li enpòtan tou, pou kèlkeswa enfeksyon an jwenn tretman touswit, anvan li gen tan gaye nan kò malad la oubyen tou anvan li vini pi grav. Se sèl konsa, moun ki gen sida ka rete anfòm pi lontan posib.

August A. Burns et al., Kote Famn pa jwenn doktè, 2000; tradiksyon Jean Wilner Steve; adaptasyon : otè yo.

IV / Kesyon sou tèks la

- 1.- Ki diferans ou ka fè ant VIH ak sida ? Pou ki rezon dapre ou menm yo toujou asosye de mo sa yo ?
- 2.- Jwenn anafò ak konektè ki makònèn mo ak lide anndan tèks sa a. Kisa ou remake ?
- 3.- Sèvi ak repons ou jwenn nan kesyon de a pou ou bay lide santral tèks la ak lide segondè yo.
- 4.- Souliye nan tèks la tout kote eleman « ap » la parèt. Di kilè mo sa a se yon mak tan ; kilè li se yon mak aspè. Jistifye repons ou a.
- 5.- Nan dènye paragraf tèks la, reekri mo « li » a. Chak fwa gade ki lòt mo « li » ranplase. Ki konklizyon ou kapab fè ?
- 6.- « Si moun nan byen manje epi, an menm tan, li jwenn bon jan medikaman, kò li ka rive goumen ak enfeksyon yo » Tradui fraz sa a an franse. Bay kèk ti eksplikasyon sou vèb ou itilize nan tradiksyon ou an.
- 7.- Chèche nan tèks la fraz ki genyen ladan yo pwopozisyon sikoransyèl :
 - a) opozisyon
 - b) tan
 - c) kondisyonRanplase konektè ou jwenn nan fraz sa yo pa lòt konektè san chanje sans fraz la te genyen nan tèks la.
- 8.- Chèche nan tèks la tout kote ou jwenn mak « te » ak « ta ». Kisa ou ka di sou de eleman sayo ?

9.- Chèche nan tèks la tout kote ou jwenn mo « se ». Èske se menm fonksyon an li ranpli chak fwa ?

10.- Bay pou piti kat bagay yon moun ki gen virus VIH la nan san li dwe fè pou l ka rete an sante.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sayo

1.- Lè virus VIH enfekte yon moun se sistèm _____ li virus la atake anvan.

2.- Yon moun ki gen jèm VIH la nan san l ka parèt _____ tankou tout moun si _____ iminitè li poké febli.

3.- Byen _____ ak pran bonjan _____, se de mwayen pou yon moun ki enfekte goumen kont _____ an.

4.- _____ ak maladi se de bagay pou yon moun ki enfekte konbat si li vle dire pi lontan.

5.- Mwayen defans kò yon moun se yon pwoteksyon natirèl kont _____.

VI / An n al pi lwen

1.- Ekri yon lèt ou ap voye bay yon ti zanmi ou k ap viv nan peyi etranje. Nan lèt la ensiste sou konsekans maladi sida a genyen sou timoun yo lè paran yo fin mouri.

2.- Ou se prezidan yon asosyasyon k ap ede timoun ki gen paran yo mouri anba maladi sida. Nan mikwo yon gwo jounalis ayisyen ou ap bay rezon ki fè asosyasyon sa a te fonde. Reyalize entèvyou a. (sou kasèt oubyen alekri)

VII / Sa ou dwe konnen

- An kreyòl « te » se makè tan pase, alòske « ta » se makè mòd kondisyonèl.

Egzanp : timoun yo te nan lari a.

Si li te gen kòb li ta (t ap) achte yon machin.

- « ap, pral (pray nan nò peyi a)... » se makè fiti an kreyòl :

Egzanp : Mwen pral travay a katrè.

M ap rele ou demen.

CHAPIT SIS

Gade nan chapit kat la.

II / Anvan ou kòmanse li

1.- Nan ki okazyon ou menm oubyen moun lakay ou konn abitye pran antibiotik ?
Èske se doktè ki konn preskri nou yo ?

2.- Dapre ou ki kalite maladi antibiotik ka trete ?

3.- Èske dapre ou menm yon antibiotik ka geri yon viris ?

4.- Èske gen danje lè yon moun ap pran antibiotik san konsèy yon medsen oubyen yon ajan sante ?

III / Antibiotik

Antibiotik se yon seri medikaman ki genyen anpil enpòtans. Nou sèvi avè yo pou nou konbat enfeksyon bakteri ba nou. Nou pa ka konbat viris avè yo ; paregzanp, yo pa ka geri grip. Chak fanmi antibiotik pa ka geri tout kalite enfeksyon. Nou jwenn nan yon fanmi antibiotik tout antibiotik ki gen menm chapant chimik. Li enpòtan pou nou konnen fanmi antibiotik yo. Gen de rezon pou sa :

- 1) An jeneral, tout antibiotik ki nan yon fanmi ka geri menm kalite enfeksyon. Sa vle di yon antibiotik kapab ranplase yon lòt ki soti nan menm fanmi avè li.
- 2) Si nou fè alèji ak yon antibiotik, n ap fè alèji tou ak tout antibiotik ki nan menm fanmi an. Nan yon ka konsa, n ap oblige sèvi ak yon medikaman ki soti nan lòt fanmi lè nou fè yon enfeksyon.

Gen anpil fanmi antibiotik tankou : fanmi penisilin, fanmi tetrasiklin ak yon bann lòt ankò.

Nan fanmi penisilin nan, nou jwenn : amoksisilin, anpisilin, bennzatin penisilin, bennzil penisilin, dikloksasilin, pwokayin penisilin, ak kèk lòt ankò. Fanmi Tetrasiklin nan genyen : doksisiklin ak tetrasiklin.

Medikaman ki soti nan fanmi penisilin bay bon rezulta sou anpil enfeksyon. Yo pa gen anpil efè segondè epi fanm ansent tankou fanm k ap bay timoun tete kapab sèvi avèk yo san pwoblèm. Nou jwenn yo toupatou, yo pa koute chè, yo vini swa sou fòm

grenn, swa sou fòm piki. Men yo bay moun plis pwoblèm alèji pase anpil lòt medikaman. Moun te konn si tèlman sèvi ak penisilin san kontwòl, jounen jodi a genyen kèk maladi ki reziste san pwoblèm devan penisilin.

Tetrasiklin tankou doksisiklin trete divès kalite enfeksyon tou. Antibiotik sa yo pa koute chè epi nou kapab jwenn yo toupatou. Fanm ansent, fanm k ap bay timoun ki pa ko genyen uit lane tete pa dwe pran ni tetrasiklin ni doksisiklin.

Moun pran anpil antibiotik twò souvan, sitou penisilin. Se pou nou sèvi ak antibiotik sèlman lè sa nesesè.

August A. Burns et al., Kote Fanm pa jwenn doktè, 2000; tradiksyon Jean Wilner Steve; adaptasyon otè yo.

IV / Keson sou tèks la

1.- Ak ki moun otè yo fè referans lè yo anplwaye « nou » nan tèks la ? Bay plizyè rezon ki fè se konsa ou reponn.

2.- Èske dapre ou otè yo bay eksplikasyon anndan tèks sa a ? Vini ak agiman pou kore repons ou a.

3.- Gade premye fraz tèks la. Si ou retire eleman « se » nan fraz sa a kisa k ap rive ? Ki wòl « se » jwe nan fraz la ?

4.- Relve mo ki ranplase « antibiotik » nan tout tèks la. Ki konklizyon ou ka tire ?

5.- Anplis paragraf yo, tèks la gen de alineya ladan li. Pou kisa otè yo vini ak de alineya sa yo, dapre ou menm ? Ki diferans ou ka fè ant yon paragraf ak yon alineya ?

6.- Pou ki rezon yo pale de fanmi antibiotik nan tèks la ? Èske se paske otè yo ap chèche fè estil ? Kore repons ou a ak bon jan agiman.

7.- Byen gade sistèm vèbal tèks la. Ki tan ki itilize plis ? Pou ki rezon sa rive dapre ou menm ?

8.- Nan antibiotik yo, ki patikilarite fanmi tetrasiklin nan genyen parapò ak fanmi penisilin nan ?

9.- "Moun pran anpil antibiotik twò souvan, sitou penisilin." Nan fraz sa a, ak ki moun mo moun nan fè referans egzakteman?

10.- Otè yo fini dènye paragraf tèks la ak yon fraz enperatif (kòmande). Ou menm reekri dènye paragraf la kote ou ap fè yon deskripsyon pou ou fini tèks la.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sayo

1.- Bakteri se yon òganis ki ka bay moun _____.

2.- Antibiotik ki soti nan fanmi _____ pa gen anpil danje sou fanm ansent.

3.- Doksisiklin ak tetrasiklin nan menm _____. Kidonk enfeksyon doksisilin _____, tetrasiklin ka trete li tou.

4.- _____ enpòtan anpil men se pou nou sèvi ak yo _____ lè sa nesesè.

5.- Yon moun ki gen sida ka pran antibiotik pou konbat _____ enfeksyon men pa pou konbat viris VIH la.

VI / Annalpi lwen

1.- Ekri yon ti tèks kote ou ap kritike pratik anpil moun genyen nan pran tout sòt antibiotik san konsèy yon medsen oubyen yon ajan sante.

2.- Kreye yon espòt piblisitè ki ap vante byenfè antibiotik lè yon moun pran yo nan bon kondisyon.

3.- Ekri yon lèt tou louvri kote ou ap bay Ministè lasante rezon pou mezi Ministè sa a pran pou li anpeche moun ki pa gen fòmasyon pou sa vann medikaman san ankenn kontwòl.

VII / Sa ou dwe konnen

- o An lengwistik yon pwosè se yon aksyon oubyen yon eta predika eksprime.

Egzanp : Maknè ap keyi zaboka. (aksyon)

Zaboka yo ap mi. (eta)

- o Vèb pwosesif, tankou travay, manje, elatriye.., eksprime yon aksyon ; yo eksprime tou yon eta ki ap dewoule (egzanp : mi, dòmi, soufri). Yon lòt bò vèb estatif ou estatik yo eksprime yon eta ki pa an dewoulman, sa vle di ki p ap evolye. Egzanp : anvi, bezwen, konnen, gen, pè, rayi, renmen, wont eks. Lè yon moun mete mak "ap" devan vèb sa yo, yo vin genyen yon sans fiti.

Egzanp : Map gen lajan demen.

twazyèm pati : Lavi toulejou

CHAPIT SÈT

I / De ti mo sou otè a

Fènan Ibè (Fernand Hibbert) fèt nan Miragwàn nan dat 3 Oktòb 1873. Li se premye ptit manman li ak papa li ki te gen kat lòt timoun ankò. Li grandi nan vil Miragwàn jouk lane 1883. Nan dat sa a li te oblige kite vil la ansanm ak manman l pou l te ka chape anba lagè civil Bazlè t ap mennen kont gouvènman Salomon an. Apre sa li te etidye Pòtoprens ak Pari. Pami liv li publiye nou jwenn Séna (1905), Romulus (1908), Masques et Visages (1910), les Simulacres (1923). Pandan tout vi li Hibbert te rayi lagè civil ak diktati. Pi gwo rèv li se te pou gen yon klas mwayèn fò an Ayiti ki ka fè faskare ak pouvwa politik la. Li mouri nan Pòtoprens nan dat 19 desanm 1928.

II / Anvan ou kòmanse li

1. - Kòman yo abitye akeyi moun nan fanmi ou?
2. - Lè yon otè ekri yon mo ant gimè, èske ou konnen pou ki rezon?
3. - Èske ou konn li liv ki pale sou fason yo akeyi moun nan lòt peyi ?

III / Kay pou ou

Moman Mesye Elenis Katon t a pral kite Kiben an, li te poze yon zak estwòdinè, ki ta ka chavire yon moun tèt anba : yon bagay pèsonn pa ta vle kwè. Zak li te poze a pa antre nan liy prensip li t ap suiv la ditou. Yon prensip li pa t soti pou li chanje menm. Li te envite M. Pablo Alkanntara vini fè yon ti vizit, lakay li, lelandemen, vè senkè apremidi.

Nan lè yo te fikse a, oto Kiben an te antre nan chemen M. Elenis Katon an. Misye, byen serye, ansanm ak Man Katon, t ap tann zanmi an sou pewon vila a.

“Ovèlann” nan te rive anba pewon an, epi li te vire pou li te mete tèt li an fas sòti a. M. Pablo Alkanntara te desann « maquina » li a (li pa te janm rele otomobil li a lòt jan). Epi li te rive byen vit sou platfòm kote mèt kay yo te kanpe a.

- Se ak kè kontan m ap resevwa ou lakay mwen.

Se sa Mesye Elenis Katon te di. Apre yon pòz, li te prezante madanm ni :

- Madan Katon !

Sefiz te byen kontan kontinye konvèrsasyon an.

- Mesye, ou pa yon enkoni pou mwen. Mari mwen ap pale mwen toutan de ou.

Pablo te bese tèt li avèk politès pou li bo men yo te prezante li a, pandan li t ap di tou

dousman : « Misye Katon twò bon pou zanmi li yo. »

Mesye Katon te ensiste avèk konviksyon.

- Men non, men non, ou se yon nomm estwòdinè !

Lòt la te vin tou wouj pou li reponn :

- Mwen priye ou angras, fè pa mwen.

Yo te fè Pablo antre nan salon an ki te ranje ak gou, dapre li menm. Se pa te konsa toutan. Men, depi Sefiz te al rann Man Wobèts Vizit la, li te transfòme kay li a sou modèl Laparizyèn li te kopye nan mwenn ti jès li.

Pablo te kontan wè gangans Sefiz ak jan li te alèz. Dayè, nan Pansyon Sent Woz Lima, kote li te abitye jwe wòl prensès nan drame pi soubèt nan komèdi, lè li t ap fè teyat jou distribisyon pri, li te loreya.

Pablo te chwichwi chwichwi nan zòrèy mari a.

- Sa fè plezi pou wè Madan Katon.

Mesye Elenis pa te jennen pou li di :

- Wi, se yon fi premye kategori.

Epi Sefiz te mande ak jantiyès :

- E Pòtoprens, ou renmen li ?
- O ! Anpil !
- Ou vizite kèk moun lasosyete ?
- Mwen kab di mwen wè tout moun. Epi Ayisyen konnen resevwa. Koutwazi yo menm depase sa yon moun ta espere.

- Reyèlman, Ayisyen renmen etranje.
- Epi, ou konnen yon bagay, madam ? Se yon kalite yo pa jwenn nan okenn lòt peyi. Tout lòt kote kounye a, yo konsidere yon etranje tankou yon lennmi.
- Lakay nou, okontrè, se Ayisyen ki konsidere Ayisyen parèy li tankou yon lennmi.
- Wi, mwen te remake sa. Youn denigre lòt anpil. Youn pa kontan lòt. Kiba, Kontanporen ki gen talan, nou rann yo omaj.
- Isit, yo pale de yo jou yo mouri, enpi yo pa janm nonmen non yo ankò.
- Men, lakay ou, tout moun bon vre. Konpliman mesye !

Fernand Hibbert dans Les Simulacres, 1923, tradiksyon : Pyè Banbou.

IV / Kesyon sou tèks la

- 1.- Chèche nan tèks la senk koze (fraz, enfòmasyon, lide) ki pèmèt nou wè tit tèks la koresponn ak nannan tèks la (kontni).
- 2.- Bay pou pi piti twa lòt pawòl mesye Elenis Katon te ka di nan plas pawòl sa a : « Se ak kè kontan m ap resevwa ou lakay mwen. »
- 3.- Gade repons Pablo bay Sefiz lè mari manmzèl te fin prezante misye. Ki lòt pawòl Pablo te ka di nan plas pawòl sa a ?
- 4.- Byen gade siy ponktiyasyon otè a itilize anndan tèks la. Kilè li anplwaye pwen ? Pwen entèwogasyon ? Pwen eksklamasyon ? Gimè ? De pwen ? Tirè ? Vigil ?
- 5.- Byen gade jan mo yo ekri nan tèks la. Kilès nan mo sa yo ou pa t konn ekri ? Ki konparezon ou ka fè ant fason ou te konn ekri yo ak fason yo ekri kounye a ?
- 6.- Chèche nan tèks la mo ak ekspresyon ou tandem pou premye fwa ? Fè diskisyon an gwoup pou w ka wè si yo gen menm sans pou tout moun ?
- 7.- Chèche nan tèks la kote otè a anplwaye « Mesye » oubyen « Misye ». Èske se toutan youn ka anplwaye nan plas lòt ?
- 8.- Nan lavi toulejou, nan ki okazyon yon moun ka anplwaye ekspresyon « fè pa mwen » ? Èske ekspresyon sa a gen menm sans nan tèks la ?

9.- Chèche tout kote otè a anplwaye mo « sa » nan tèks la. Èske chak fwa se menm fonksyon li ranpli ?

10.- Dapre ou konbyen vwa ki ap pale anndan tèks la ?

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- Vensan ak Estime se de prezidan ki te viv nan menm epòk. Yo se de _____.

2.- Pwofesè a tèlman konn abiye, _____ li san parèy nan tout lekòl la.

3.- Pòl ak Jilyèt fè plis pwen nan kreyòl, yo se de _____ pou matyè sa a.

4.- Lè plizyè sendika ki gen menm pwennvi sou yon pakèt revandikasyon met tèt yo ansanm, yo fòme yon _____ sendikal.

5.- Anbasadè a se yon nèg byenelve, nan yon konvèrsasyon, li tann ou fin pale anvan li menm pou li reponn, li chaje ak _____.

VI / An n al pi lwen

1. - Reli konvèrsasyon Sefiz ak Pablo a. Imagine kòman sa t ap ye si mesye Elenis Katon ak tout madam li pa t di Pablo kay pou li. Ekri nouvo konvèrsasyon an.

2.- Konpoze yon piblisite radyo tou kout ki vante bèle kalite sa a Ayisyen genyen pou yo byen akeyi vizitè.

3.- Ekri yon lèt ou ap voye bay yon jounal kote ou ap voye jete lide ki fè konnen Ayisyen bay etranje plis valè pase Ayisyen parèy yo.

VII / Sa ou dwe konnen

- o An kreyòl menm jan ak anpil lòt lang, genyen fraz senp ak fraz konplèks. Yo pale de fraz senp, lè fraz la genyen yon sèl pwopozisyon : yo pale de fraz konplèks lè li genyen plizyè pwopozisyon.

- o **Fraz senp:** Fraz senp lan prezante sou fòm sijè - predika: Jan manje diri. Jan (sijè) manje (vèb) diri (objè). Nou ka gen yon fraz senp san vèb kote se yon (1-prepozisyon, 2-advèb, 3-adjektif, 4- non) ki se nwayo oubyen pilye predika a. egzanp: 1- Ana anba tant lan. 2- Pyè anlè a, 3- Ana bèl., 4- Pòl chofè nèt. Atansyon yon sèl mo ka yon fraz senp tou. egzanp: Vini!
 - o Pou fraz kote se vèb la ki nwayo predika a plis yon konpleman objè, nou ka genyen yon konpleman objè dirèk si konpleman an kole dirèkteman nan vèb la: egz: Mari pran yon pen. (yon pen) ki se konpleman an kole dirèkteman nan vèb la, konsa nou di se yon KOD (konpleman objè dirèk). Tandiske si gen yon prepozisyon ant vèb la ak konpleman an nou di li se yon konpleman objè endirèk (KOE). Egz: Mari pati avèk manman li.
- **Fraz konplèks :** Yon fraz konplèks se yon fraz ki genyen pou pi piti de pwopozisyon. Gen plizyè kalite fraz konplèks ; fraz konplèks kowòdinasyon, fraz konplèks jistapozisyon, ak fraz konplèks sibòdinasyon :

Egzanp :

- Mwen te envite ou, men ou pa vin nan fèt mwen an. (kowòdinasyon)
- Jak etidye, li fè devwa li. (jistapozisyon)
- Papouch pa te ka vini paske manman li malad (sibòdinasyon)

CHAPIT UIT

I / De ti mo sou otè a

Pyè Michèl Cheri (Pierre Michel Chéry), se yon akademisyen kreyòl. Li fèt Senmichèl, nan deputman Sid peyi d Ayiti. Li te etidye jesyon biznis nan INAGHEI ak Lengwistik nan Fakilte Lengwistik Aplike, ki nan Inivèsite Leta Ayiti a. Li fè yon metriz nan Teknoloji Enfòmasyon. Li gen diplòm nan estatistik ak enfòmatik. Li se yon ekriven kreyolis. Eritye Vilokan se premye woman li te ekri, li te parèt nan mwa desanm 2001. Woman sa a se yon temwanyaj sou demach otè a nan chèche konprann kouman yo ranje koze pou yo sòti bèl anpil lè Ayisyen ap pale kreyòl san dekore. Li ekri lòt liv tankou Bèbè gòlgota 2008, Senfoni nago 2012, pèleren 2015.

II / Anvan ou kòmanseli

1.- Ki mwayen transpò yo plis itilize anndan vil kote ou ap viv la ? Èske gen yon rezon pou sa ?

2.- Èske ou abitye tandem mo beke a bò lakay ou ? Kisa li vle di ?

3.- Kòman chofè yo konpòte yo fas a pyeton yo, epi fas a lòt chofè parèy yo bò lakay ou ?

III / Taksi

Yon fil oto suiv taksi a sou twotwa a. San respè, yo monte sou pyeton ak machann k ap vòltije a dwat a goch bay oto wout. Fawoud sonje fòk li pran nimewo plak taksi a ak non chofè a. Chofè a pa gen badj, taksi a pa gen plak. Nan peyi li pase yo, tout chofè sa yo ta bon pou kontravansyon, anpil ta ka pèdi lisans chofè taksi yo. Fawoud leve koulè taksi a ak mak aksidan ki sou tout kò li, dat, lè, non ri, tout kalite detay ki ta bon pou yon asosyasyon defans pyeton.

- E si ou te frape yon pyeton sou twotwa a, kisa ki t ap pase ?
- Kisa yo pèdi nan lari a ? Pouki yo pa ret chita lakay yo. Yon pakèt aryennafè ap monte desann, chofè pa konn kisa y'ap chache, yo anpeche moun travay.
- Kijan ou rele chofè ?
- Kisa pou fè non mwen beke ?
- Se pasaje taksi a mwen ye, mwen gen dwa sa. Mwen ka mande w nimewo plak oto a osi. (chofè a frennen sèk)
- Beke desann, desann pran yon lòt taksi.

Malgre ensistans chofè a, Fawoud fè tankou li pa konprann, jouk chofè a deside kontinye mennen l lotèl la. Nan diskisyon chofè a ak Fawoud, taksi chofè a bloke kafou a.

Lòt chofè pwofite pase devan taksi a, mikmak la mangonmen. Chofè li te double lè li monte twotwa a devan kounye a. Mouche move, l ap eseye retounen sou men li, pèsonn pa vle ba li pase. Chak fwa li eseye pran chans li, yon gress betiz nan bouch yon lòt chofè kenbe li nan plas li.

Fawoud ap mande èske li ap rive, èske li ap ka rete nan peyi sa a. Kouman l ap fè pou l rive janbe baryè fè ki nan figi chak moun. Tout moun sou kont, nenpòt ti jès, nenpòt pawòl, tout se okazyon pou yon pli jouman pati al blayi nan figi kòk batay ki deyò pou gagè.

Bout ri yo kout, yo piti, twòp pou wout yo. Sou tout wout la, moun sou twa ran, yon ran agoch, youn adwat, yon lòt nan mitan, y ap sipliye chofè ban n yon ti chans pou n travèse. Chak ti pa, chak kwazman, se yon malè pandye, yon pèdi tan pou granmesi. Titalè a de lòt chofè bloke lari a nèt ankò, paske youn pa vle lòt la pase anvan. Diskisyon mete pye, zam rale, erezman yo pa tire.

Bout anfen, taksi a resi rive lotèl Gran Kontinantal ak Fawoud. Se Janmak k ap dirije lotèl la, yon franse reyalis, jan yo di Dazile, ki pa wè, ki pa tande, ki pa vin konte ze. Tou cho, tou bouke, Fawoud mande Janmak adrès biwo pwoteksyon pyeton yo !

De boul lalin soti nan de tou je Janmak, san ponpe anba po Janmak, tomat la vin mi. Tankou yon moun ki pran nouvèl manman l mouri nan aksidan, Janmak mande Fawoud :

- Kisa pou fè adrès biwo a ?

Fawoud esplike Janmak sa li sot viv ak chofè taksi a, li ta bezwen adrès yon biwo ki okipe zafè pasaje ak pyeton pou li rakonte dezagreman ki rive li. Janmak pete ri.

Pyè Michèl Chéri, Eritye Vilokan, 2000, p.29-31

IV / Kesyon sou tèks la

1.- Idantifye konbyen vwa k ap pale anndan tèks la? Kilès yo ye ?

2.- Idantifye nan tèks la pasaj kot naratè a ap fè deskripsyon ak pasaj kote l ap rakonte. Kisa ou remake ?

3.- Ki ekivalan mo ak ekspresyon sa yo genyen an franse dapre jan yo anplwaye nan tèks la : dezagreman, bout anfen, mikmak, vòltije, titalè, malè pandye ?

4.- Gade byen konbyen fwa mo sa yo repete nan tèks la : taksi, Fawoud, chofè, pyeton. Fè

yon tablo ki genyen kat kolonn. Nan premye kolonn nan mete mo ou gwooup mo ki ranplase taksi nan tèks la ; nan dezyèm nan mete sa ki ranplase Fawoud ; nan twazyèm nan, sa ki ranplase chofè, ak nan katriyèm nan, sa ki ranplase pyeton.
Kisa w remake ? Ki fonksyon mo ou gwooup mo ki repete yo jwe nan tèks la ?

5.- "Diskisyon mete pye, zam rale,erezman yo pa tire." Di fraz sa a yon lòt jan san ou pa chanje sans li.

6.- Eksplike mo mikmak la nan fraz sa a : « Lòt chofè pwofite pase devan taksi a, mikmak la mangonmen. » Kisa nan tèks la ki pèmèt nou konprann mo sa a ?

7.- Chache nan tèks la yon fraz konplèks ki eksprime yon : a) opozisyon ; b) konklyzon c) konparezon d) tan e) koz

8.- Chache nan tèks la : a) de entèwogasyon dirèk; b) de entèwogasyon endirèk.
Kisa ki pèmèt ou fè diferans ant de fòm entèwogasyon sa yo ?

9.- Gade repons ou bay pou kesyon kat la. Sèvi ak repons sa a pou ou bay lide dominan tèks la ?

10.- « Mouche move, I ap eseye retounen sou men li, pèsonn pa vle ba li pase. » Tradui fraz sa a an franse. Ki pi gwo difikilte ou rankontre nan tradui fraz sa a ?

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- Wout mòn kabrit la tèlman pa bon, li se yon _____ pou chofè ak pasaje ki pase ladan li.

2.- Lè gen lese-frape ant lapolis ak manifestan, sitiyasyon an _____ anpil.

3.- Ala regretan, Tigason an pèdi lavi li pou _____.

4.- Apre aksidan an yon pli jouman _____ nan mitan de chofè yo.

5.- Pou ki figi ou mare konsa, ou se yon _____.

VI / An n al pi lwen

1.- Ou nan yon machin kote chofè a ap fè kous ak yon lòt chofè. Ekri yon paragraf 12 liy pou ou di kòman ou te santi ou nan moman sa a.

2.- Yon machin frape yon pyeton sou yon twotwa. Chofè a pa kanpe. Ou asiste aksidan an. Ekri jijdepè nan zòn ou an yon lèt pou ou di l kòman sa te pase.

3.-konpoze yon piblisite radyo ki pa twò long ki mande chofè yo pou yo pi pridan lè y ap kondui nan lari a.

4.- Kontinye konvèsasyon ant Janmak ak Fawoud lè otè a fin ekri : « Janmak pete ri. »

VII / Sa ou dwe konnen

o Chema naratif

Se yon konfigurasyon ki genyen ladan li pi gwo pwen ou kapab jwenn lè ou ap analize (etidye chak moso anndan) yon tèks naratif. Chema naratif la chita sou aksyon ki genyen anndan tèks la. Li genyen plizyè etap ladan li tankou: eta inisyal, mank, rechèch (kèt), rezulta, eta final.

. Eta inisyal : etap sa a kòmanse nan yon istwa lè pèsonaj prensipal la pran konsyans li manke yon bagay.

. Mank - chèche - rezulta : Pou li ka konble mank lan, pèsonaj la prale Chèche solisyon. Konsa, yon seri aksyon ap deklannche pou li ka jwenn yon rezulta.

.Eta final : etap sa a pa koresponn tout tan ak lè istwa a fini. Li koresponn ak lè pèsonaj prensipal la jwenn rezulta pou seri aksyon ki te deklannche a.

N.B : Rezulta a gen dwa amelyore, konsève oubyen degrade eta inisyal la.

o Chema aktansyèl

Se yon konfigurasyon ki genyen ladan li pèsonaj ou kapab jwenn anndan yon tèks naratif. Pa gen pèsonaj ki p ap fè anyen nan yon tèks naratif. Yo rele aktan yon pèsonaj k ap jwe yon wòl nan yon tèks naratif. Pami aktan yo genyen aktan prensipal yo ak aktan segondè yo.

Aktan prensipal yo

- Ajan an k ap aji, se li ki responsab aksyon an :

- Pasyan k ap sibi, se li menm aksyon ap afekte ;

Aktan segondè yo

- Alye a, se li ki ede Ajan an akonpli aksyon an (si se pa yon moun, yo rele li oksilyè);
- Opozan an, se li ki kontrarye Ajan an nan aksyon li;
- Destinatè a, se li ki pouse Ajan an aji;
- Benefisyè, se li ki pral jwi aksyon an si Ajan an reyisi.

Egzanp : Kala (Ajan) ouvri pòt kabinè sekrè a (Pasyan) ak yon fo kle(oksilyè) malgre entèdiksyon mari li (opozan). /Destinatè : kiryozite Kala; Benefisyè : Kala.

CHAPIT NÈF

I / De ti mo sou otè a

Dani Laferyè (Dany Laferrière) fèt Pòtoprens nan dat 3 avril 1953. Li grandi nan vil Tigwav ak Pòtoprens. Nan lane 1976, li te oblige kouri kite Ayiti apre bon zanmi li, jounalis tankou li, Gasner Raymond fin jwenn lanmò anba men Tonton Makout rejim Duvalier a. Depi lè sa a li tabli nan vil Montréal, Kanada. L ap mennen yon karyè ekriven ak yon karyè jounalis. Kounye a li se akademisyen lang fransè. Yon gwo tit ki gen anpil prestij nan je lemonnantye. Pami liv li pibliye yo nou jwenn : *Comment faire l'amour avec un nègre sans se fatiguer* (1985), *Erosima* (1987), *L'Odeur du café* (1991), *Pays sans chapeau* (1996), *Les cris des oiseaux fous* (2000), *Vers le Sud* (2006), *Je suis un écrivain japonais* ets.

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Èske ou konn yon moun fou ki selèb nan istwa oubyen nan literati ? Kisa ou konn de li ?
- 2.- An Ayiti gen anpil moun fou k ap mache nan tout lari. Èske ou konn kijan yo te fè vin fou ? Konpare istwa ou konnen sou moun fou ak lòt kanmarad klas ou.
- 3.- Lè yon ekriven mete yon fraz anndan parantèz nan yon tèks, èske ou konn pouki ? Pataje repons ou genyen sou kesyon an ak lòt elèv nan klas la.
- 4.- Èske ou konn yon ka kote yon maryaj kanpe akoz yon kèlkonk kontraryete ? Pataje istwa a ak lòt kamarad klas ou yo ?
- 5.- Kilè yo ka di yon moun ap fè estaj ? Eksplike.

III / Moun fou a

Tifi Nareyis la (Sa ki mèg ak de gwo je a) di moun fou a yon bagay anvan li kouri antre lakay li. Moun fou a al rakonte Nareyis tout sa tifi a te di l la. Nareyis rele tifi a sou galri a e li ba li yon rakle devan tout moun.

- Ou konn pouki Nareyis fè sa ? Da mande m.
- Wi, Da, paske li te fè malelve ak moun fou a.
- Se pè Nareyis pè pou moun fou a pa bay tifi l la madichon.
- Li ka toujou bal madichon, Da.
- Non, Nareyis achte bonnanj tifi l la, lè li ba li yon rakle devan tout moun. San sa,

MODIL
KREYOL

moun fou a te ka fè tifi a ditò. Lè li ba l pinisyon devan tout moun, Nareyis anpeche manmzèl resevwa yon dezyèm pinisyon, paske ankenn moun pa gen dwa resevwa pinisyon de fwa pou menm fot la... Ou konprann, Vye Zo ?

- Non, Da.
- Sa pa fè anyen, yon jou w a konprann.

Pa gen moun ki te konn moun fou a anvan l te vin nan vil la. Yo di li soti Miragwàn.

Dapre Senplis, machann lotri a, li se yon jenn fi ki gen fanmi, li te ansent pou yon jèn ti doktè Pòtoprens ki t ap fè estaj Miragwàn. Apre anpil pale anpil, doktè a asepte marye. De fiyanse yo gen tan rive devan monpè. Seremoni legliz la t ap byen mache. Pou fini, pè a di tou sa yo abitye di nan yon maryaj : « Si gen yon moun ki konn yon bagay ki ka kontrarye maryaj sa a, se pou l leve pale kounyeya anvan l twò ta. » Silans nan sal la. Epi, yon dam ki chita nan ban dèyè legliz la leve : « Mwen menm, m konn yon kontraryete... » Yon gwo silans nan sal la. Sètalò, pè a ak yon vwa anwe di : « Madam, ou konn yon kontraryete ? » Silans pi rèd. « Wi, monpè, misye se mari m e nou gen twa pitit ansanm. » Vin gen yon gwo wounou wounou ak ajitasyon nan sal la. E, depi lè sa a yo pa janm wè madan marye a ankò. Sa fè ven tan istwa sa a pase. Dapre Senplis, se moun fou sa a k ap pwomennen nan tout lari Tigwav kounye a. Se li menm ki se madan marye a. Notè Lone di eksplikasyon Senplis la pa sèl eksplikasyon ki egziste.

Pa gen moun nan Tigwav ki konn vrè non moun fou a. Yo rele li moun fou a oubyen madan marye a. Li pa gen non. Gen moun ki kwè menm li menm, li bliye non l. Gen lòt ki panse li pa bay vrè non li pou fanmi l ka pa konn kote li ye.

Da di li se yon pòv malerèz e se li menm sèlman ki ka bay sekrè li.

Mwen menm tou m genyen yon sekrè, men m p ap di pèsonn sa, pa menm Da.

Dany Laferrière, L'odeur du café, 1991 ; tradiksyon : Yves Alvarez

IV / Keson sou tèks la

1.- Ki dezyèm pinisyon Nareyis anpeche pitit fi li a resevwa ? Èske Nareyis aji dapre yon lwa ekri?

2.- Trase yon tablo ki genyen twa kolonn : nan premye a, ekri "moun fou a"; nan dezyèm nan, "Vye zo"; nan twazyèm nan, "tifi Nareyis la". Chèche nan tèks la mo oubyen gwoup mo ki ranplase sila yo ki nan twa kolonn yo. Apre travay sa a, èske ou kapab di tit tèks la depaman ak nannan tèks la (kontni) ?

3.- Identifie konbyen vwa ki ap pale anndan tèks la. Kilès yo ye ? Ki mwayen otè a itilize pou li fè chak pèsonaj pale ?

4.- Pa ki lòt mo ou te ka ranplase « wounou wounou » nan tèks la ? Èske ou konn nan ki ka lang kreyòl la repete yon mo de fwa youn dèyè lòt nan yon fraz ? Bay kèk egzanp si se posib.

5.- Konpare pasaj kote naratè a ap rakonte, ak pasaj kote l ap fè deskripsyon nan tèks la. Kisa ou ka di ?

6.- Fè pòtre moun fou a, dapre karakteristik otè a ba li nan tèks la. Paregzanp, moun fou a se moun Miragwàn. Li...

7.- Ki diferans ki genyen ant de fraz sa yo sou plan estrikti ?

- Nareyis rele tifi a sou galri a e li ba li yon rakle devan tout moun.
- Nareyis achte bonnanj tifi l la, lè li ba li yon rakle devan tout moun.

8.- « Se pè Nareyis pè pou moun fou a pa bay tifi l la madichon. » Ekri fraz sa a yon dezyèm fwa san anfaz.

9.- Tradui pasaj anba a an franse :

- Pa gen moun ki te konn moun fou a anvan l te vin nan vil la. Yo di li soti Miragwàn. Dapre Senplis, machann lotri a, li se yon jenn fi ki gen fanmi, li te ansent pou yon jèn ti doktè Pòtoprens ki t ap fè estaj Miragwàn. Apre anpil pale anpil, doktè a asepte marye.

Ki pi gwo difikilte ou te rankontre ?

10.- Entèprete repons Da bay Vye Zo nan fraz sa a : « ... li se yon pòv malerèz e se li menm sèlman ki ka bay sekrè li. » Kisa Da te vle di ekzakteman dapre ou menm.

V / Lòt kontèks ankò

- Utilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sayo

1.- Ekip foutbòl Kolonbi a bat Ajantin senk gòl a zewo, fanatic lòt ekip di Ajantin resewayon _____.

2.- An Ayiti lè yon moun poze yon move zak, lòt moun di se _____ moun sa a genyen dèyè li.

3.- Dapre sa anpil moun kwè an Ayiti, chak moun genyen yon _____.

4.- Mari kote ou te ye depi maten? Ou ta _____?

5.- Lè yon moun renmen pale tout sa li tandem tout kote li pase, lòt moun di moun sa a pa gen _____.

VI / Annal pi lwen

1.- Naratè tèks la se yon tigason ki pokogen 12 zan. Imagine ti sekrè li pa vle rakonte grann li, Da, nan finisman tèks la. Konpoze yon nouvo tèks sou fòm yon paragraf 12 liy kote Vye Zo ap devwale sekrè li a bay yon ti zanmi li ki gen menm laj avèk li.

2.- A pati de sa ou konprann nan tèks sa a, ekri yon zanmi ou kap viv Kanada yon ti lèt pou ou di li ki tretman sosyete ayisyen an bay moun fou. Fè emosyon ou pase nan tèks la.

3.- Konpoze yon espòt piblisité ki pral pase nan radyo kote ou ap mande oditè yo pou yo gen plis konpasyon pou moun fou ki abitye sibi fawouch anba bouch yo.

VII / Sa ou dwe konnen

Konektè : Konektè yo se mo ki makonnen oubyen mare lide annan yon enonse, yon tèks. Li ka advèb tankou : (konsa, dabò, mete sou sa, finalman, sepandan...), konjonksyon tankou : (men, oubyen, kidonk, ni...), konjonksyon sibòdinasyon tankou : (paske, plisque...)

Nou ka klase konektè yo selon rapò sans yo etabli :

- § tan (puis, alors, ensuite, enfin, etc.);
- § koz (paske, pliske, kidonk, ets.);
- § opozisyon (toutfwa, men, sepandan, kanmenm, ets.);
- § kosekans (konsa, donk, se pou sa, ets.);

- § adisyon (epi, ak, mete sou sa, dayè, ets.).
 - o Lè ou rive idantifye valè semantik (sans) yon konektè sa pèmèt ou rive wè jan rezonnman ak anchenman narratif la konstwi nan tèks la.

CHAPIT DIS

I / De ti mo sou otè a

Jak Woumen (Jacques Roumain) fèt nan Pòtoprens nan dat 4 jen 1907. Li te an menm tan yon ekriven, yon powèt, yon journalis ak yon politisyen. Pami liv li pibliye yo nou jwenn Les Fantoches (pwezi) (1931), La Montagne ensorcelée (woman) (1931), « M'allé la rivière » ak Gouverneurs de la rosée (1944). Se atravè dènye woman sa a anpil moun sou latè konnen Jak Woumen ak literati peyi d Ayiti ak Ayiti li menm. Paske liv sa a pibliye nan plis pase dis lang nan mond lan.

II / Anvan ou kòmanse li

1.- Ki sa ou konnen de Jacques Roumain ? Èske se premye fwa ou tande non sa a ?

2.- Pandan ane 2007 la anpil kote tankou an Ayiti, Repiblik Dominikèn, Kiba, Matinik, yo te fete santan anivèsè nesans Jacques Roumain. Èske ou te okouran aktivite sa yo ? Pataje konesans ou genyen sou sijè sa a ak lòt kamarad ou yo.

3.- Èske ou li woman « Gouverneurs de la rosée » a déjà? Gen yon fim ki fèt tou apati de woman sa a. Èske ou gade fim sa a déjà ?

III / Dlo a rive

De medam yo fè yon ti chita anba gwo chalè midi a, plenn nan t ap dodomeya nan pye yo. Nan bò goch yo, yo te remake ti kay pay Fon wouj yo. Yo te wè tou vye tach wouye jaden yo nan mitan lantouray yo. Savann nan te blayi kò li tankou yon gwo tonton reyon limyè. Men, nan tout plenn nan, liy kanal la te fofile kò li nan mitan bayawonny yo ki pa te fè rezistans. Sa ki te gen bon je te ka wè rigòl yo ki t ap tann nan mitan jaden yo.

- Anayiz lonje dwèt li sou yon mòn ki chaje ak pyebwa. Se la a yo ye wi, li di Delira. Se la a y ap travay.

Tanbou a te an denmon. Son an t ap monte nan tout plenn nan pandan travayè yo t ap chante.

Mannwèl Jan Jozef, o nèg vanyan, anyewo !

- Manman ou tandé sa?
- Delira di, m tandé, wi.

Nan kèk tan ankò se pyebwa ak bél zèb ki pral ranplase vye plenn depafini sa a. Se bannann, mayi, patat, yanm, bel flè woz, bel flè blan ki pral pouse nan tout jaden. E tou sa se zèv pitit mwen, Mannwèl.

Chante a kanpe sèk.

- Sa k gen la a? Delira mande Anayiz.
- M pa konn, non.

Epi, yon gwo tonton bri eklate.

Medam yo leve.

Abitan yo parèt tankou yon kout zèklè. Chapo voye anlè. Yo t ap danse, youn t ap anbrase lòt.

- Akyon ti vwa tou fèb, Anayiz di Delira, manman men dlo a.

Ti dlo a te blayi nan plenn nan tankou yon rigòl ki genyen yon ti koulè ajan. Abitan yo tou t ap vanse pandan y ap chante, pandan y ap vole anlè.

Antwàn te devan bann nan: li te gonfle kò li pou li bat tanbou li.

- O! Mannwèl, Mannwèl, Mannwèl, pouki ou mouri pitit mwen?
- Non, li pa mouri. Malgré dlo nan je li, Anayiz t ap souri. Non li pa mouri.

Manmzèl pran men grannoun nan, li mete li tou dousman sou vant li kote yon lavi tounèf t ap boujonné.

Jacques Roumain, Gouverneurs de la Rosée, p. 218-219, tradiksyon, Yves Alvarez

IV / Keson sou tèks la

- 1.- Dapre ou konbyen vwa ki ap pale anndan tèks sa a ? Bay eksplikasyon pou kore repons ou a.
- 2.- Gen yon pasaj nan tèks la kote pawòl naratè a konfond ak pawòl Delira. Jwenn pasaj sa a. Pou ki rezon nou pa ka di pawòl sa a se yon diskou dirèk oubyen yon diskou endirèk ?
- 3.- Kisa Anayiz te vle di Delira lè li pwononse pawòl sa yo : « non, li pa mouri. Non, li pa mouri. »
- 4.- Mannwèl pa preznan nan tèks sa a. Poutan se sou li atansyon lektè yo dirije. Ki mwayen naratè a itilize pou li fè travay sa a ?
- 5.- Reli dènye fraz tèks la. Ki mo « li » ranplase nan fraz sa a ? Eksplike ekspresyon « yon lavi tounèf t ap boujonnen »
- 6.- Èske gen yon mak (pwonon pèsonèl, demonstratif eks.) ki pèmèt lektè yo idantifye naratè a nan tèks la ? Jistifye repons ou a.
- 7.- Bay tip ak fòm fraz sa yo :
 - o Chapo voye anlè.
 - o O ! Mannwèl, Mannwèl, Mannwèl, pouki ou mouri pitit mwen ?
- 8.- Analize fraz sa a : « Abitan yo tou t ap vanse pandan y ap chante, pandan y ap vole anlè. » Mete aksan sou tan ak aspè vèb yo.
- 9.- Ki pwennvi yon moun kapab di naratè a adopte nan tèks sa a ? Bay eksplikasyon ak egzanp klè pou kore repons ou yo.
- 10.- Ranplase dènye fraz nan tèks la pa pwòp deskripsyon pa ou san ou pa chanje sans tèks la.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo
- 1.- _____ peyi d Ayiti rele Ayisyen.
 - 2.- Yon moun k ap travay nan yon medya, menm si li pa journalis, li se yon _____ laprès.

3.- Lè yon moun renmen revandike dwa li, moun sa pa fè plezi renmen di li _____ devan _____ nan.

4.- Yon moun ki ap pèdi gwosè nòmal li epi ki fèb tou se yon moun ki ap _____.

5.- Lè yon moun tris, yo di li genyen _____ nan _____ li.

VI / An n al pi lwen

1.- Imagine Anayiz ki rankontre Delira douz mwa apre, menm kote a. Ekri konvèrsasyon medam yo genyen ant yo menm. Fè kòmsi se suit istwa ki nan ekstrè sa a ou t ap ekri.

2.- Ou gen yon kouzin ou ki p ap viv menm kote avè ou. Li pa konn anyen ni sou Jacques Roumain, ni sou Gouverneurs de la rosée. Sèvi ak konesans ou aprann nan chapit sa a pou ou ekri l yon ti lèt kote ou ap prezante l gwo ekriven sa a ak gwo woman sa a.

3.- Konpoze yon spòt radyo kote ou ap ankouraje jenn tifi ak tigason li. Sèvi ak sa ou konnen sou Gouverneurs de la rosée kòm egzanp nan agimantasyon ou an.

VII / Sa ou dwe konnen

- o Fokalizasyon ou prennvi ekstèn : Naratè a prezante sèlman sa je l ba li. Lektè a pa konnen ni panse, ni emosyon, ni santiman naratè a oubyen pèsonaj yo. Se kòmsi lektè a te nan yon cinema pou bèbè : se sa kamera a montre li sèlman li wè.
- o fokalizasyon ou prennvi entèn : Se kòmsi istwa a t ap dewoule nan tèt yon pèsonaj. Sa lektè a konnen de istwa a se sa pèsonaj la di li. Nan ka sa a lektè a konnen alafwa panse, emosyon ak santiman pèsonaj la.
- o fokalizasyon ou prennvi zewo : Nan ka sa a pa genyen yon sèl pwennvi, se poutèt sa naratè a se yon moun ki konn tout bagay. Naratè a se tankou Bondye : li konnen tout sa k ap pase. Anvan menm pèsonaj la te panse yon bagay, naratè a te gentan konn sa. Naratè a konn pase pèsonaj yo, li konn avni yo. Anpil otè renmen itilize teknik sa a anpil anpil.

CHAPIT ONZ

I / De ti mo sou otè a

Locha Nwèl (Lochard Noël) fèt Pòtoprens an 1955. Li se otè « Carnet d'un damné », pwezi, 1985, « Chansons de novembre », pwezi, 1986, « Nous voici les déracinés », yon CD pwezi, 1987, « Déchirures », « Mélodies pour Lili », pwezi 2002, Mannouba, powèm an kreyol, 1994. L ap viv nan pyi Etazini kote l ap mennen yon karyè nan edikasyon epi nan ekri liv (woman, pwezi, eksetera)

II / Anvan ou kòmanse li

1.- Èske ou pran kanntè ? Pataje konesans ou genyen sou koze sa a ak lòt kamarad klas ou yo.

2.- Ki kategori Ayisyen ki pran kanntè dapre ou menm ? Pou ki rezon ?

3.- Ki souvni ou genyen de bato ki fènofraj an Ayiti ?

III / Nofraj

Mwen ak pitit mwen Lespwa, te kòmanse panike. Kanntè a te kòmanse koule, tout moun t ap eseye sove lavi yo. Nou te kite Ayiti pou nou ale chèche lavi nan Miyami. Se nan moman sa a, mwen tonbe reflechi sou sitiyasyon peyi mwen.

Mwen tande yon vwa ki di mwen peyi mwen an se pa san sèlman li genyen. Vye dlo sa a depi digdantan k ap plonje tikal tè nou an nabafon. Gen lòt bagay nan peyi mwen an. Ti vwa sa a mwen pa te janm tande li depi lè mwen te antre nan yon rèv prèske vitam etènam. Lakay mwen gen sous tou. Se pa sous san, men sous dlo fre. Sous k ap chare chan pelikan ak zwazo paspatou. Zwazo ki te konn fè kè m' kontan lè m te piti nan move lavi. E pou grannmoun fanm do bosí sa a ki te konn vann kafe, cheve gaye, fanm sa a ki t ap pale sou mizè li te konn pase lè li te timoun. E syèl la, bèl syèl nou te konn wè pandye sou tèt nou lontan an. Peyizan sa yo, malgre move lavi, ki toujou kwè nan lanmou, nan moun, nan kouray yo...

Èske se san sèlman ki genyen nan figi peyi kraze sa a ? Peysi k ap regle zafè zòt alòske y ap kouri dèyè pwòp pitit li, fè yo al byen lwen.

Mwen menm, kote mwen ye la a se rèv bèl bagay ase mwen fè : lanmou. Pafwa, mwen konn panse pa gen lanmou ankò. Li mouri antere. Ki sa ou vle apre yo fin mete ou akote tout kote ou pase, apre ou fin pase tout kalite mizè, kouman ou vle pou mwen pa pesimis ? Lè bagay ou fin viv pa ba ou anvi ankò pou ou goumen, pou ou espere, sèl sa ki

rete se desespwa ak lide vèse san. San lamizè, grangou ak pesimis...
(...)

Yon jounalis ki te la, lè l wè Anita fin pèdi tout fòs li, mande li pou li di dènye priyè li. Repòte a di li : « Ala ou fè tèt ou travay papa ! »

- A ! Ou twouve sa ?

- Men wi !

- Tou sa ou wè m sot di ou la a, se vre wi !

Kadav kò Mira lonje tou long sou sab la ap gade nyaj nan syèl la, ak je li byen fon. Apre paranyo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou al antere.

Anita ak Lespwa, sèl moun ki soti vivan nan gwo vwayaj la, pran wout pou yon otèl nan « Miami Beach ». Anita, je l byen lwen, ap gade anlè ansanm ak foul la tankou yon moun kè pa poze. Lespwa ki pa te konprann anyen nan sa k ap pase a, tonbe poze manman l kesyon.

- Manman, kote y ap mennen nou la a ?

- M pa konnen. Men, mwen menm, m ka mouri demen. Kanta ou menm, ou la pou bay yon lòt lavi.

L'enfer c'est la Mer, woman, edisyon Choucoune, juillet 1996 Tradiksyon M.R. Arisma ; adaptasyon : otè yo

IV / Kesyon sou tèks la

1.- Konbyen vwa ki ap pale anndan tèks sa a ? Kilès yo ye ?

2.- Èske naratè a ki te tras li nan tèks sa a ? Chèche agiman pou kore repons ou yo.

3.- Ki pwennvi naratè a adopte nan tèks sa a ? Jistifye repons ou a.

4.- « Men, mwen menm, m ka mouri demen. » Ki wòl "ka" jwe nan fraz sa a ?

5.- « Kanta ou menm, ou la pou bay yon lòt lavi. » Ki pèsonaj ki pwononse pawòl sa a ? Kisa lòt lavi a vle di daprè ou menm ?

6.- Jwenn tout mo ak ekspresyon naratè a itilize pou ranplase mo san an anndan tèks la. Ki sa w ka di ?

7.- Fè yon lis tout konektè ki itilize anndan tèks sa a. Kote ki pa gen konektè, ki

mwayen naratè a itilize pou li kenbe yon pwogresyon nan tèks la ?

- 8.- Apa narasyon, ki lòt sekans ou jwenn anndan tèks sa a ? Eksplike.
- 9.- Bay fonksyon mo « yo » nan fraz sa a : « Apre paran yo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou al antere. »
- 10.- « Ala ou fè tèt ou travay papa ! » Bay tip ak fòm fraz sa a.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

- 1.- Jozafa ap bezwen de _____ sab pou li ka fè pyès kay manman li an.
- 2.- Anita wè tout bagay an mal, poutèt sa yo di li _____.
- 3.- Yon lajan yon moun mete nan yon komès pou li ka fè benefis se yon _____ lajan.
- 4.- Apre yon jounen fatig, lè yon moun pral kouche li gen dwa di : "Ban m lonje _____ mwen."
- 5.- Optimis ki vle di yon moun ki wè bagay yo an byen se kontré _____.

VI / An n al pi lwen

- 1.- Ekri yon ti tèks sou fòm atik jounal kote ou ap bay opinyon ou sou konsekans fenomèn pran kanntè a genyen sou rès fanmi ki rete an Ayiti a.

- 2.- Jistifye desizyon otorite yo pran pou yo pini ak anpil severite tout moun k ap pran kanntè.

Kadav kò Mira lonje tou long sou sab la ap gade nyaj nan syèl la, ak je li byen fon. Apre paran yo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou al antere.

Anita ak Lespwa, sèl moun ki soti vivan nan gwo vwayaj la, pran wout pou yon otèl

nan « Miami Beach ». Anita, je l byen lwen, ap gade anlè ansanm ak foul la tankou yon moun kè pa poze. Lespwa ki pa te konprann anyen nan sa k ap pase a, tonbe poze manman l kesyon.

- Manman, kote y ap mennen nou la a ?

- M pa konnen. Men, mwen menm, m ka mouri demen. Kanta ou menm, ou la pou bay yon lòt lavi.

L'enfer c'est la Mer, woman, edisyon Choucoune, juillet 1996 Tradiksyon M.R. Arisma ; adaptasyon : otè yo

IV / Keson sou tèks la

1.- Konbyen vwa ki ap pale anndan tèks sa a ? Kilès yo ye ?

2.- Èske naratè a ki te tras li nan tèks sa a ? Chèche agiman pou kore repons ou yo.

3.- Ki pwennvi naratè a adopte nan tèks sa a ? Jistifye repons ou a.

4.- « Men, mwen menm, m ka mouri demen. » Ki wòl "ka" jwe nan fraz sa a ?

5.- « Kanta ou menm, ou la pou bay yon lòt lavi. » Ki pèsonaj ki pwononse pawòl sa a ? Kisa lòt lavi a vle di daprè ou menm ?

6.- Jwenn tout mo ak ekspresyon naratè a itilize pou ranplase mo san an anndan tèks la. Ki sa w ka di ?

7.- Fè yon lis tout konektè ki itilize anndan tèks sa a. Kote ki pa gen konektè, ki mwayen naratè a itilize pou li kenbe yon pwogresyon nan tèks la ?

8.- Apa narasyon, ki lòt sekans ou jwenn anndan tèks sa a ? Eksplike.

9.- Bay fonksyon mo « yo » nan fraz sa a : « Apre paran yo fin rekonèt mò yo, sa k kapab, yo pran yo pou al antere. »

10.- « Ala ou fè tèt ou travay papa ! » Bay tip ak fòm fraz sa a.

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

1.- Jozafa ap bezwen de _____ sab pou li ka fè pyès kay manman li an.

2.- Anita wè tout bagay an mal, poutèt sa yo di li _____.

3.- Yon lajan yon moun mete nan yon komès pou li ka fè benefis se yon lajan.

4.- Apre yon jounen fatig, lè yon moun pral kouche li gen dwa di : "Ban m lonje mwen."

5.- Optimis ki vle di yon moun ki wè bagay yo an byen se kontré .

VI / An n al pi lwen

1.- Ekri yon ti tèks sou fòm atik jounal kote ou ap bay opinyon ou sou konsekans fenomèn pran kanntè a genyen sou rès fanmi ki rete an Ayiti a.

2.- Jistifye desizyon otorite yo pran pou yo pini ak anpil severite tout moun k ap pran kanntè.

VII / Sa ou dwe konnen

- o Ou kapab jwenn plizyè diskou anndan yon tèks naratif : diskou dirèk, diskou endirèk, estil endirèk lib, diskou narrativize ak diskou evoke.

Diskou dirèk : Naratè a rapòte pawòl pèsonaj la jan li te di l la san wete, san mete. Konsa pou li montre se pa pawòl pa li, li mete de pwen ak gimè. Kidonk pawòl la anndan gimè

Egzanz : Woje di : « Mwen santi m pa byen, tèt mwen ap fè m mal. »

Diskou endirèk : Naratè a rapòte pawòl yon pèsonaj ak pwòp pawòl pa li. Se vwa naratè a sèlman ki ap pale : Woje di li santi li pa byen, tèt li ap fè l mal.

Diskou narrativize : Naratè a ranmase pawòl pèsonaj la, li rezime li : Woje santi li malad.

Diskou evoke : Naratè a pran yon ti bout nan pawòl yon pèsonaj pou li mete nan pwòp pawòl pa li : Woje pa t twò « byen ».

CHAPIT DOUZ

I / De ti mo sou otè a

Emil Selestén-Meji (Émile Celestin-Mégie) fèt Marigo nan depatman sidès peyi d Ayiti nan dat 16 oktòb 1922. Li se alafwa bòs chapant, ekriven, powèt, jounalis ak fonksyonè leta. Li konn pibliye atik li ak pwezi li nan plizyè jounal tankou *Le Petit Samedi Soir ak Haïti en Marche*. *Lanmou pa gin bariè*, (otè a pibliye an 1975) se youn nan de premye woman ayisyen ki ekri an kreyòl. Powèt la gen ti non jwèt Togiram ki se anagram « Marigot », sa vle di non « Marigot » alanvè.

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Kisa mo Boukmann vle di pou ou ?
- 2.- Èske ou deja viv yon sitiayson kote ou wè lamò anfas ou ? Rakonte lòt kamarad ou yo move eksperyans sa a.
3. - Gade yon kat jewografik peyi d Ayiti. Nan ki depatman zile Kayimit sitiye? Ki vil ki pi pre li?

III / Yon bon kaptenn

Mesye Locha Gabon kaptenn yon ti estimè ki rele Sen-Kristòf, te asire Boukmann se a senkè apremidi l'ap leve lank. Sepandan, akòz yon kantite gwo nyaj nwa ki te nan syèl la, li te oblige kite rad Pòtoprens lan jouk a katrè edemi dimaten.

Lanmè a te ajite e te gen yon van kontrè ki t ap trenbale bato a. Kan li te resi rive anfas zile Kayimit, vè dezè apremidi, se yon veritab tanpèt ki te deklare. Lanmè a fin debòde. Lanm li yo moute pi wo pase yon pye kokoye. Estimè a tankou yon po pistach. Pasaje yo nan dezespwa. Mizerikòd ! mizerikòd !... papa bondye, sove pitit ou yo non! Anmwe! Jezi, Mari, Jozèf !... Sen Kristòf papa, jodi a gen lè se dènye jou nou. Oooo ! Papa Letènèl, n ap neye vre!...

Kri pasaje yo ak bri lanmè a pwodui yon vakam lanfè. Malgretou, kaptenn nan pa pèdi tèt li. Misye gade tout sanfwa li. Matlo yo montre yo byen vanyan tou. Yo konsève tout kouray yo. Malgre tout rèl, yo pa pèdi lòlòy yo. Fèm, brav, yo tout ap fè mannèv sou mannèv pou eseye pwoteje batiman an, lavi pasaje yo ak lavi pa yo. Men, tout tan y ap avanse sou Jeremi, se tout tan tan an ap vin pi mijelik.

Boukmann Milomar santi yon delalasyon imans anvayi li. Li santi yon pilon ap pile nan kalbas tèt li. Je l yo vin tou wouj. Kè l vin sere sere. Yon gran ekran parèt devan li e li wè tout lavi li ap dewoule sou ekran an : anfans li, maryaj li ak Avinam, nesans Jaklin... se sitou imaj sa a ki kouvri tout ekran an....

Jaklin, aktris prensipal nan fim ekzistans li ! Èske se vre li pral mouri akòz Jaklin ? San Bondye pa akòde l pèmisyon pou li wè Jaklin omwens yon dènye fwa ?...

Pandan tout pasaje sa yo ap jwe sou ekran imajinasyon Boukmann, entansite ouragan an ap ogmante. Mèt Agwe fin wè mò. Bato a ap krake. Gen pasaje k ap lapriyè, genyen k ap

rele, genyen k ap pipi sou yo. Malgre sa, matlo yo kontinye ap fè mannèv. Kaptenn nan rete fèm, tennfas sou gouvènay li. Misye lite ak kouray, san fè fay, pou li eseye sove lavi moun ki sou kont li yo. Men, andire bravou li fè kouwoumou fache plis. Chak lanm ki frape bato a gwonde tankou loray. Apre anpil mannèv, kaptenn nan rive nan pò Jeremi ak tout moun san youn nan yo pa genyen okenn pwoblèm. Moun yo tèlman kontan yo bat yon gwo bravo pou kaptenn nan.

Emile Celestin Megie, lanmou pa gen baryè, Roman, 1975, p.164-166, adaptasyon : otè yo

IV / Keson sou tèks la

- 1.- Èske nou ka di naratè a kite tras li nan tèks sa a ? Jistifye repons ou a.
- 2.- Ki fokalizasyon (entèn, ekstèn, zewo) naratè a adopte nan tèks sa a ? Eksplike.
- 3.- « *Pandan tout pasaje sa yo ap jwe sou ekran imajinasyon Boukmann, entansite ouragan an ap ogmante.* » Ki valè « ap » genyen nan fraz sa a ?
- 4.- Ki mwayen naratè a itilize pou mo ak fraz rete makònèn youn ak lòt depi kòmansman rive nan finisman tèks la ? Bay agiman pou kore repons ou a.
- 5.- Devine ki lyen ki genyen ant Boukmann Milomar ak Jaklin. Kisa nan tèks la ki pèmèt ou bay yon repons konsa ?
- 6.- Devine kilès ki kouroumou a. Èske mo sa a anplwaye nan sans pwòp li ?
- 7.- Sa ekspresyon « *pèdi lòlòy* » la vle di nan tèks la ?
- 8.- « *Kè I vin sere sere.* » Pou ki rezon naratè a repete mo “sere” a de fwa nan fraz sa a ?
- 9.- Diskite an gwoup sans mo sa yo genyen nan tèks la : matlo, tennfas, migelik, kouroumou, delalasyon, vanyan, trenbale, debòde, estimè.
- 10.- « *Jaklin, aktris prensipal nan fim ekzistans li ! Èske se vre li pral mouri akòz Jaklin ? San Bondye pa akòde l pèmisyon pou li wè Jaklin omwens yon dènye fwa ?...* » Tradui pasaj sa a an franse, san l pa pèdi sans li genyen nan tèks la. Ki pi gwo difikilte ou rankontre ?

V / Lòt kontèks ankò

- Itilize kèk mo nan tèks la pou konplete fraz sa yo

- 1.- Jij la kanpe _____ sou desizyon li : vòlè a kondane pou dezan prizon.
- 2.- Ou kapab prepare mayi, diri, kafe, pitimi ak lòt pwodui ankò nan yon _____.
- 3.- Melani jwe nan feyton Langichat la : li se yon _____.
- 4.- Lè yon fanm pa pè travay di, yo konn rele li fanm _____.
- 5.- Wobè ak Makso te mete men, se pa de _____ ki tire.

VI / An n al pi lwen

1.- Gen anpil bato ki fènofraj akoz sèvis ak moun ki responsab kontwole transpò sou lanmè nan peyi a pa pran responsabilite yo. Ekri yon lèt tou louvri, w ap voye bay yon jounal pou atire atansyon sosyete a sou nesesite pou gen bonjan regleman sou transpò maritim nan peyi a.

2.- Konpoze yon tèks naratif kote yon timoun ki pèdi yon moun ki enpòtan pou li nan yonnofraj ap eksprime doulè li apre dram sa a.

3.- Mete nou a nou twa, fè yon ti esketch pou montre enpòtans transpò maritim men tou enpòtans regleman maritim yo tou, yon fason pou mwayen transpò sa a pa tounen yon mwayen lanmò.

VII / Sa ou dwe konnen

- o Yon ekriven kapab fè yon pèsonaj tounen pòtpawòl li nan yon tèks. Konsa tout sa otè a panse, kwayans li, emosyon li, an gwo ideyoloji li, kapab soti nan pawòl yon pèsonaj. Nou kapab pran kòm egzanp pèsonaj ki rele Bien-Aimé a nan woman Jacques Roumain an, *Gouverneurs de la rosée*.
- o Li enpòtan pou nou pa konfonn yon otè (ekriven), yon narratè ak yon pèsonaj. Otè a se moun ki ekri liv la, non li sou po liv la, li genyen yon vi sosyal (li genyen yon kote li fèt, yon kote li rete, li ka gen madanm, pitit ekt.). Narratè a se yon moun ki egziste sou papye anndan yon istwa, pa egzanp nan woman Dany Laferrière la « *L'Odeur du Café* », se yon tigason ki gen dizan ki narratè a. Poutan nou konnen se Dany Laferrière ki otè liv la. Yon pèsonaj se yon aktan (moun oubyen choz) k ap fè yon aksyon anndan istwa a. Pafwa narratè a kapab yon pèsonaj anndan tèks l ap rakonte a.

CHAPIT TRÈZ

I / De ti mo sou otè a

Franketyèn (bon non li se Frankétienne) fèt nan depatman latibonit nan dat 12 avril 1936. Li se alafwa yon pent, yon komedyen, yon ekriven ak yon pwofesè lekòl. Li pibliye anpil liv. Nou ka site detwa ladan yo, tankou Ultravocal (1972), Les affres d'un défi (1979), L'Oiseau schizophone (1998) ak Héros-chimères (2002). Dezafi (1975) se youn nan de woman ayisyen ki ekri an kreyòl pou premye fwa.

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Ki moun nan Pòtoprens ou konnen ki ap travay nan faktori ?
- 2.- Konbyen kòb yo peye jounen moun ki ap travay nan faktori ?
- 3.- Ki fason yon otè ka prezante yon dyalòg anndan yon tèks ?
- 4.- Ki kote ou konnen genyen faktori ? Kisa yo fè ladan yo?

III / Gaston

Depi Gaston debake Pòtoprens, l ap chèche. Kòb li kaba lontan; li pa jwenn okenn travay; li dòmi sou galri magazen; lapli mouye li; Chak jou, li leve mache pwonmennen vale van nan bòdmè. Pòch li bade kourandè.

Gen defwa li anvi tounen Bwanèf; li sonje Ravin Sèch, jwèt zo kay Fabi, tant Lwizina. Men, li wont tounen nan peyi li san senk kòb.

Yon fwa, li pase tout yon jounen kanpe devan yon faktori sou wout Dèlma dèyè djòb. Grangou tchake trip li, vè midi. Li bouke kanpe tann. Li bouke pale ak yon travayèz k ap fè pòz anba yon bayawonn.

- konbe yo peye isit?
- Mwen pa ka reponn ou anyen.

- Kouman ?
- Ou a gen tan konnen.
- Ou menm, ki travay ou fè isit ?
- Sa pi rèd pase soufle brase dresé dife nan lanfè.
- Pouki ou rete ?
- Ou menm, pouki ou vini ?

- Mwen pa moun isit.
- Mwen tou. Mwen sòti nan pwovens. Mwen mòtifye anpil mwen te kouri kite Jakmèl. M ap bourike depi nèf mwa, pou manje midi sèlman. Apre sa, pa tèk ! Lajan an pa menm ka rive bouche yon twou dan. Ak de pitit sou bra mwen san papa! Kè m ap kenbe pou mwen pa lage kò mwen nan jenès. Poudayè, virewon leswa sou twotwa lavil Pòtoprens pa rapòte non plis. Epi, manje chè pase tèt nèg ; pri manje monte pase lanmè Jakmèl.

- Koulangèt ! Pouki mwen te prese kouri kite Bwanèf ?
- Ou a gen tan konnen !

- Mwen Gaston ki te konprann Pòtoprens se paradi ! Jan chèche. Jan twouve. Mwen bouke boukannen dlo sou manchèt. Kisa mwen dwe fè pou mwen viv ?

- Sere dan ou, mare ren ou pou soufle brase dresé dife nan lanfè.

Kay piti. Kay kraze. Kay koule. Kay bwat alimèt. Kay kès aransò. Yon krèy krebete pete rele, plede kriye tout la sent jounen. Nou pa gen jwenn lonje kò nou alèz. Nou pa gen lalwa dòmi byen. Si nou gen malè kabicha tikras, kochma bwote nou. Lè nou reveye, nou pantan, nou santi vètij, nou sòti lwen. Somèy nou plen boulòk. Nou goumen nan dòmi pou grenn diri.

FrankEtienne, Dezafi, 1975. Adaptasyon : otè yo

IV / Keson sou tèks la

- 1.- Kisa Gaston ap chèche dapre ou menm ?
- 2.- Èske li fasil pou Gaston pou li tounen Bwanèf ? Pouki rezon ?
- 3.- Fè yon premye lis mo ki gen rapò ak mizè Gaston, yon dezyèm lis ki gen rapò ak mizyè travayèz faktori a. Konpare de lis sa yo.
- 4.- Dapre ou ki sekans dominan tèks sa a ? Ki lòt sekans ou jwenn nan tèks sa a ?
- 5.- Kilès « nou » ranplase nan dènye paragraf la ? Jistifye repons ou bay la.
- 6.- Klarifye pawòl sa yo pou nou « Sa pi rèd pase soufle brase drese dife nan lanfè »
- 7.- Dapre ou ki jan Gaston ap rive rezoud pwoblèm mizèrere li nan Pòtoprens ?
- 8.- Pou kisa moun rive dòmi sou galri magazen ?
- 9.- Tradui dènye paragraf tèks la an franse. Ki pi gwo difikilte ou rankontre ?
- 10.- Gaston di madanm nan : « poukisa ou rete ». Li dyalòg la epi bay rezon ki fè madanm nan rete ap travay nan faktori a.

V / Lòt kontèks ankò

Konplete fraz sa yo ak mo nou jwenn ki nan tèks la.

- 1.- Lè yon moun _____, li bezwen travay, li bezwen manje.
- 2.- Gaston te konn dòmi anba _____
- 3.- _____ se kote yo pa peye byen e ouvriye yo travay anpil.
- 4.- Madanm sa a genyen yon krèy _____ ki ap kriye pou manje.

5.- Jaklen te nan fon somèy ; Mari reveye li ; Jaklen _____.

3.- VI / Annal pi lwen

1. - Nan tèks sa a genyen yon sekans konvèsasyon-dyalòg. Imagine yon lòt sekans konsa pou de timoun ki ap dòmi nan lari Potoprens.

2. - Madanm sa a genyen de ptit san papa sou bra li. Rakonte yon ti istwa kote yon moun ou konnen genyen de ou twa ptit san papa

3.- Ekri yon lèt ouvè pou voye bay gouvènman an plas la pou rapòte li sitiyasyon fam ki nan mizèrere ak timoun sou bra yo an Ayiti.

4.- Anplwaye mo oswa ekspresyon sa yo nan yon fraz kote yo gen sans konote :

- o Krèy - bwat alimèt- kochma- plede- manchèt- brase dife.

VII / Sa ou dwe konnen

Etewojeneyite tekstyèl

- o Se yon sitiyasyon kote yon tèks ka genyen plizyè sekans la dan li. Sekans sa yo ka : sekans naratif, sekans deskriptif, sekans agimantatif, sekans konvèsasyon-dyalòg ekt. Sa vle di yon moun ka fè yon ti deskripsyon pandan l ap rakonte yon istwa ; li ka rakonte yon ti istwa pandan l ap defann yon lide, eksétera. Konsa lè ou pran tout tèks la li genyen plizyè sekans ladan l.

CHAPIT KATÒZ

I / De ti mo sou otè a

Mari Vye (Marie Vieux) te fèt nan Pòtoprens nan dat 16 Sèptembre 1916. Manman li te moun Zile Vyèj (peyi Sen Toma), papa li te Ayisyen. Premye Woman li te ekri, se te « Amour, Colère et Folie » nan lane 1968. Pou rezon politik, woman sa a pa te pibliye. Mari VYE te dekouraje e li te deside ale viv Nouyòk. Lè otè a mouri, liv li a ranpòte tit « Postim Dechan ane 1986 ». E liv sa a te sòti jan li te ekri a. Nan menm ane sa a (1986), Mezon Anri DECHAN pibliye nan plas liv sa a Les Rapaces. Marie Vieux mouri Nouyòk pandan li te nan egzil nan dat 19 jen 1973.

II / Anvan ou kòmanse li

- 1.- Bay non twa ekriven ayisyen ki se fanm ? Bay non yo.
- 2.- Ki gwo evènman nou konnen ki te pase nan lane 1986 an Ayiti ?
- 3.- Kisa yon rapas ye ?

III / Avèg la

Avèg la reveye brid sou kou e li chita sou nat la. Li pase men li sou ti frè li a pou li te kwè tout bon vre tigason an te la. Avèg la vire tèt li bò pil planch yo e li kale je ki te genyen katarat yo kòm si li te wè. Avèg la respire byen fò, li tatonnen planche a, apre sa, li santi dwèt li yo. Menm lè a li santi gen yon chat ki kote li a. Avèg la tèlman pè pou chat la pa ale, li panche bò kote ti gason an ki t ap dòmi, li souke li epi li di :

- Gen yon chat la a, « li di li tou piti nan zòrèy », si ou kriye, li prale, Ou konprann ?
- Wi, timoun nan reponn.
- Fò nou ta fèmen pòt la, vin ede mwen.
- Wi, timoun nan reponn ankò .
- Ban mwen kòd la epi fè men mwen rive bò klou a, Adelya di li.

Li pase ne kòd la sou kote gwo klou kwochi ki sanble ak kwochèt pòt la, li pran anpil prekosyon pou li pa fè bri, li retounen chita sou nat la e li vire tèt li kote li konnen chat la ye a.

- Kote chat la ? Lolo di li.
 - La a ! (Avèg la lonje men li) sa ou wè ?
 - Vye bout planch, vye mèb kase.
 - Oke, dèyè bagay sa yo li ye.
 - Èske ou vle mwen ale wè ?
 - Non, pa fè yon pa kita yon pa nago. Pa deranje li. Kay la gen anpil twou, li ka sove nan youn ladan yo.
 - Mwen ta bwè yon ti dlo, Lolo di.
 - Tann ! Kote gode a ? Mwen pral pran kalbas la.
- Li leve kalbas la, li vide enpe dlo nan gode a, li lonje li bay timoun nan epi li di : «Men non, bwè » Timoun nan di : « Ou kwè li ka ale ? »
- Non, si ou rete dousman, li ap rete kote li ye a jouk papa nou tounen. Kouche, souse dwèt ou !

Chak inèd tan te long kouwè yon jounen paske pa te gen okenn ti bri e yo te rete rèd kou pikèt. Avèg la te tande kè li ak kè timoun nan ki te kouche kote li a ki te ap bat e menm kè chat la ki te kouche dèyè vye planch yo. Lè tan an long konsa, avèg la te konn chante mizèrere abitan te konn chante pou li dòmi ak bèl chante kanaval. Li te konn chante lòt chante li aprann sou wout li. Yon jou, gen yon madanm ki te sezi lè li tande avèg la te ap chante e li te fè yon gwo bri apre li di :

- « Papa Bondye ! Kote bèl kreyati sa a te kache ! »
- Adelya, Pa te jannm ka konprann bèl pawòl sila yo . Okontrè, li panse se jouré yo te ap jouré li tèlman vye figi nwè, mèg li a te plen twou mizè. Li te konn wè tout

bagay ak tout moun. Chak jou Bondye mete jou, maladi li te genyen nan je yo te vin pi mal. Tout moun te wè Adelya avèg se lè li te ap mande limyè gwo jounen pandan solèy la te fin yaya kò li. Adelya sonje jèn ti figi manman li, Tilya ki te ap trennen ak yon gwòs, li te touse anpil jouk lestomak li te pret pou decole. Li sonje grann Tòsya ki te konn fè li chita nan fant janm li pou li penyen li, li sonje papa Timote ki te gen tèt li blan kou lanèj. Li sonje tou ti kay ki te kouvri ak pay la, chan kafe yo eksetera. Chak jou ki te ap pase, kalamite avèg la te ap ogmante pi plis e bagay sa yo te ap pase nan tèt li jouk li te vin bò chemen an ak ti frè li a, ti frè li te ap souke a, ti frè li a li pa te kab janm wè ankò a.

Marie VIEUX, Les Rapaces, 1986. Tradiktè : Jean Whig NOEL (2007)

IV / Keson sou tèks la

- 1.- Bay senk mo nan tèks la ki montre nou annafè ak yon avèg.
- 2.- Site non tout moun Adelya te sonje lè li pa te ko avèg.
- 3.- Fè rezime tèks la.
- 4.- Identife tout fraz ki montre avèg la nan mizè.
- 5.- Èske tèks sa a etewojèn ? Moutre pou kisa.
- 6.- Chwazi tout mo nan tèks la ki nan chan leksikal mizè.
7. Pou kisa avèg la te pè pou chat la pa ale ? Bay agiman pou kore repons ou a.
- 8.- Pwodui yon ti tèks ki etewojèn e di kisa etewojeneyite teksyèl la ye.
- 9.- Èske yon moun ki ap viv nan fè nwa avèg ?
- 10.- Bay kat aktivite yon avèg ka mennen pou li ka viv nan sosyete a.

V / Lòt kontèks ankò

- 1.- Kisa « reveye brid sou kou » vle di ? Anplwaye ekspresyon sa a nan yon ti tèks 5 liy.
- 2.- Anplwaye mo avèg la nan yon lòt kontèks kote mo a toujou denote.
- 3.- Ki lè yo te wè Adelya te avèg tout bon vre ?
- 4.- Fè deskripsyon yon avèg ou konnen.
- 5.- Rakonte istwa yon moun ki pa te fèt avèg e ki vin avèg pandan li granmoun.

VI / An n al pi lwen

- 1.- Imagine rès istwa ou sot li a ak de sekans deskriptif.
2. - Yon jou, gen yon madanm ki te sezi lè li tandemè avèg la te ap chante e li te fè yon gwo bri epi li di : « Papa Bondye ! Kote bél kreyati sa a te kache ! » Ekri yon istwa kote Adelya bél anpil e li pa avèg.
- 3.- Imagine tout avèg nan peyi a mete tèt yo ansanm pou yo fòme yon asosyasyon. Yon bon jou, yo deside fè tandemè vwa yo. Rezime tout doleyans yo nan dis pwen.

VII / Sa ou dwe konnen

Nan yon tèks narratif genyen de kalite koze : resi ak diskou.

- a) Resi : resi se istwa vrè oswa imajinè.
Egzanp : lè yon moun ap rakonte istwa bouki ak malis. Sa a se resi.
- b) Diskou : Se yon tèks, oral ou ekri, yon pèsonaj pwodui nan yon kontèks pou li pwodui sans. Nan kad yon resi chak pèsonaj yo pwodui diskou yo.

Resi a ka prezante sou fòm diskou endirèk oubyen diskou narativize. Tandis ke diskou pèsonaj yo ka prezante sou fòm diskou dirèk oubyen diskou evoke.

I / De ti mo sou otè a

CHAPIT KENZ

Koukit Bèlann (Cuckita Bellande) fèt Kiba. Papa li se Ayisyen, manman li se Kibèn. Li te etidye nan lekòl Sè Sen Franswa Dasiz yo ak nan kou prive Woje Anglad. Li te kite peyi d Ayiti pou li ale kontinye etid li nan peyi Etazini. Li retounen vini viv nan peyi a nan lane 1984. Pami liv li pibliye nou jwenn Porte-Sauveur (1996) ki pran pri Dechan an 1995.

II / Anvan ou kòmanse li

1. - Ki wòl Chèf seksyon te konn jwe nan peyi a ?
2. - Èske yon otorite ka arete yon moun san manda ? Pou kisa ?
3. - Ki sa yon prizon ye ?
4. - Chèche nan diksyonè sans figi estil ki rele zegma a (an franse zeugme).

III / Lavi di

Wozmèn kanpe rèd, kò kraze, je fèmen. De ran dlo nan je li fè tras nan mitan pousyè tou wouj ki te nan machwè li. Li pa te pitit ni Siyès, ni man Tè, ni Sanò. Sèl moun li genyen se Ada ki gen sèlman twa jaden ak yon bann istwa. Li pa te janm konnen ki moun ki te papa li. Li oblige kontinye vann chabon paske koze chou a pa te mache pase sa. Lè li leve tèt li, li ouvri je li, li wè twoub. Li wè fòm kò yon fanm sou yon bourik ki ap monte yon mòn. Konsa li kite dal la li ap vanse koutap koutap pou sou wout lakay li. Solèy la te sou tèt mòn nan. Wozmèn mache san fè bri paske li konnen pa gen moun ki konnen li. Ada se te sèl moun ki t ap sakaje tèt li. Li pran kouri. Lè li rive devan ti kay la, kè li tonbe bat byen vit, li mal pou respire, epi li sentre pakèt li a byen fò. Pòt la te ouvè a demi. Li pa te remake Ninèt nan lakou a. Li jwenn Ada kouche sou nat la. Souf granmoun nan te ba epi je li yo te ouvè byen laj nan fènwa a. Ak kè li tou sere, Wozmèn panche kò li sou figi manman li.

- Manman sa k pase? Kote Ninèt?

Granmoun nan fè yon ti leve epi li fikse pitit fi li a nan de gress je. Vwa li tranble sou mo yo.

- Ninèt, yo desann avèk li lapolis. Te genyen yon diskisyon. Gason Moran an te rankontre ak Ninèt sou wout la, li di li yon bann betiz. Li frape Ninèt. Mwen pa

te la. Sèl sa mwen konnen sèke yo rele chèf seksyon an paske Ninèt te bay ti gason Moran an yon kout wòch li fann tèt li.

- Ki lè sa pase manman?
- Maten an. Etyèn, chef seksyon an, di mwen Ninèt ap dòmi nan prizon aswè a, epi sanble nou genyen lajan pou nou bay tou.

Pandan dam nan panche sou granmoun nan li santi yon vètij. Li souye fontenn li ak men li epi li lage kò li kote manman an. De medam yo rete nan fènwa a san yo pa di yon mo nan chanm nan. Yo te ap chèche mete lòd nan lespri yo. Yo te ap manyen kò yo nan kote ki te ap fè yo mal. Toudenkou dam nan leve.

- Mwen prale wè Etyèn demen. Misye pa mechan, mwen pral pale avèk li.

Ada lonje men li bay fi a.

- Ey, gade anba nat la ou va wè yon ti sak, pran ven goud. Ou pa janm konnen. Limen lanp lan.

Wozmèn limen lanp lan, soulve nat la, epi li jwenn san pwoblèm sak la li te konnen déjà. Li jwenn lajan an frèt. Li refèmen sak la, li kite yon papye senk goud ladan li. Li tounen kouche sou nat li. Granmoun nan te ap gade pakèt la dam nan te depoze sou ti chèz la.

Cuckita Bellande, Porte-Sauveur, Prix Deschamps 1995. pp. 31-32. Tradiksyon : M.R. Arisma.

IV / Keson sou tèks la

1. - Pou kisa Wozmèn te kontinye vann chabon ?
2. - Kote Wozmèn prale lè li te ap vanse koutap koutap la ?
3. - Fè yon lis mo ak espresyon ki montre mizè a te rèd pou Wozmèn.
4. - Pou kisa kè granmoun nan te sere?
5. - Nan sekans deskritif ki anndan tèks la genyen plizyè fonksyon. Bay fonksyon ki parèt plis la.
6. - « Li wè twoub ». Anplwaye ekspresyon sa a nan yon lòt kontèks kote li genyen sans konote.

- 7.- Istwa sa a se yon resi oswa yon diskou. Bay agiman pou kore repons ou a.
- 8.- Ki jan etewojeneyite a prezante nan tèks sa a ?
- 9.- Jwenn yon fraz oswa yon ekspresyon nan tèks la pou montre kote mizè a rèd pou fanmi sa a.
- 10.- Jwenn nan tèks la yon egzanp figi estil ki rele zegma a.

IV / Lòt kontèks ankò

- Konplete fraz sa yo ak mo ki nan tèks la.

1.- Wozmèn pa te janm konnen ki _____ ki te papa li.

2.- Granmoun nan te ap dòmi sou yon _____.

3.- Yo desann ak Ninèt la _____.

4.- Wozmèn jwenn san pwoblèm_____ li te konnen deja a.

5.- Fè de kolonn selon konsiy sa a :

A) Identifie mo ak ekspresyon nan tèks la ki genyen karakteristik diskou.

B) Fè menm bagay la pou resi.

VI / An n al pi lwen

- 1.- Imagine yon istwa kote yon timoun kase tèt yon lòt. Paran timoun tèt kase a voye manda bay lòt la, eksetera, eksetera.
- 2.- Imagine yon sèn ak yon dekò (ti kay pay yon pyès oswa yon ti koridò) kote mizè a kale tou wouj. Rakonte yon istwa e reprezante sèn sa a anndan li.
- 3.- Rezime istwa sa a san dènye paragraf la, epi imajine yon lòt rès.
- 4.- Ekri yon tèks ki genyen menm dominant ak menm lide santral tèks « lavi di a » epi aplike prensip etewojeneyite tektyèl la, sa vle di mete lòt sekans tèks anndan li.

VII / Sa ou dwe konnen

o Fonksyon ak òganizasyon tèks naratif

a) Fonksyon

Yon tèks naratif ka genyen plizyè Fonksyon tankou fonksyon rakonte yon evennman, fonksyon reyalis, dokimantè, senbolik ak agimantatif.

b) Òganizasyon

Yon tèks naratif genyen plizyè òganizasyon tankou òganizasyon kronologik, retounen dèyè (flachbak) ak mete pèsonaj prensipal la nan mitan aksyon yo.